O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’

XALI’Q BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

A’JINIYAZ ATI’NDAG’I’ NO’KIS MA’MLEKETLIK PEDAGOGIKALI’Q INSTITUTI’

QARAQALPAQ TIL BILIMI KAFEDRASI’

Qaraqalpaq tili ha’m a’debiyati’ fakulteti

4-b kurs studenti

**Babajanova Dilfuzani’n’**

**«Qaraqalpaq tilindegi sapali’q kelbetliklerdin’ leksika-grammatikali’q wo’zgeshelikleri»**

degen temadag’i’

# PITKERIW QA’NIGELIK JUMI’SI’

Ilimiy basshi’: Patullaeva G.

No’kis – 2014

Jaqlawg’a ruxsat berildi:

Fakultet dekani’: f.i.k. Dilanov B.
Kafedra basli’g’i’: f.i.k., doc. Sayi’mbetov O.
Ilimiy basshi’: f.i.k., doc. Patullaeva G.

Tema: Qaraqalpaq tilindegi sapali’q kelbetliklerdin’ leksika-grammatikali’q wo’zgeshelikleri

Ma’mleketlik imtixan komissiyasi’ni’n’ qarari’:

Pitkeriwshi Babajanova Dilfuzani’n’ «Qaraqalpaq tilindegi sapali’q kelbetliklerdin’ leksika-grammatikali’q wo’zgeshelikleri» degen temadag’i’ pitkeriw qa’nigelik jumi’si’na «_____» ball qoyi’lsi’n.

MAK basli’g’i’:
MAK ag’zalari’:

## MAZMUNI’

Jumi’sti’n’ uli’wma si’patlamasi’ ………………………………

Kirisiw………………………………………………………..

1) Kelbetlik haqqi’nda

2) Qaraqalpaq tilindegi kelbetliktin’ izertleniwi

1-bap. Qaraqalpaq tilindegi kelbetliklerdin’ leksika-grammatikali’q tu’rleri ………………………………………………………………..

2-bap. Qaraqalpaq tilindegi sapali’q kelbetliklerdin’ leksika-grammatikali’q wo’zgeshelikleri………………… ……………………….

2.1. Tu’bir kelbetlikler arqali’ an’lati’lg’an sapali’q kelbetlikler…

2.2. Da’reje formalari’ arqali’ an’lati’lg’an sapali’q kelbetlikler…..

Juwmaq ……………………………………………………

Paydalani’lg’an a’debiyatlar………………………………………

## JUMI’STI’N’ ULI’WMA SI’PATLAMASI’

**Temani’ aktualli’g’i’.** Qaraqalpaq til biliminin’ qi’sqa waqi’t ishinde seslik du’zilisi, so’zlik qurami’, grammatikali’q quri’li’si’, tariyxi’ ha’m dialektlik sistemasi’ a’dewir izertlenip, woni’n’ juwmaqlari’ sabaqli’q, monografiya, ilimiy grammatikalar si’pati’nda basi’li’p shi’qti’. Til rauajlani’wshi’li’q qasiyetke iye bolg’anli’g’i’ sebepli yelede izertlewdi talap yetetug’i’n ma’selelerdin’ bolmawi’ mu’mkin yemes. So’z shaqaplari’ni’n’ ishinde wo’zine ta’n leksika-semantikali’q wo’zgeshelikleri ha’m grammatikali’q belgilerine iye bolg’an kelbetlikler yele arnawli’ izertlewdin’ obiekti bolmadi’. Kelbetlikler ku’ndelikli turmi’sta, ko’rkem a’debiyatta, publicistikali’q shi’g’armalar tilinde yen’ jiyi qollani’latug’i’n so’zler boli’p tabi’ladi’. İlimpazlardi’n’ tasti’yi’qlawi’nsha, kelbetlikler woy-pikirdi su’wretlewi ha’m si’patlawi’ menen aji’rali’p turadi’. Wolar ekspressivlik-emotsionalli’q xi’zmet atqari’p, woy-pikirimizdin’ ko’rkem boli’p shi’g’i’wi’na belgili da’rejede xi’zmet atqaradi’. Qaraqalpaq tilindegi kelbetliklerdin’ bunday xi’zmeti ha’zirshe uli’wma ko’lemde g’ana izertlengen.

Kelbetlikler zat ha’m qubi’li’slardi’n’ belgilerin bildiredi. Belgi - ken’ tu’sinik wolardi’n’ ishinde zat ha’m qubi’li’slardi’n’ ren’in, tu’r-tu’sin bildiretug’i’n so’zler belgili wori’n iyeleydi. Wolar basqa kelbetlik so’zlerge sali’sti’rg’anda, birinshiden, awi’zeki ha’m jazba qari’m-qatnasta ko’birek qollani’li’wi’ menen, yekinshiden, awi’spali’ ma’nilerde ko’birek qollani’li’wi’ menen, u’shinshiden, basqa so’zler menen dizbeklese ali’w ha’m wolar menen ha’r qi’yli’ ma’ni an’lati’w mu’mkinshiligine iye boli’wi’ arqali’ aji’rali’p turadi’. A’sirese, ren’di bildiriwshi kelbetlikler aji’rali’p turadi’. Bul ren’di bildiriwshi kelbetliklerdi sali’sti’rg’anda jiyi qollani’ladi’ ha’m wolar ren’, tu’r-tu’si boyi’nsha wo’zlerine jaqi’n ren’di bildiriwshi so’zlerdin’ de worni’na qollani’ladi’.

Qaraqalpaq tilindegi kelbetlik so'z shaqabi'ni'n' ha'r qi'yli' ma'seleleri, ma'selen kelbetlik boyi'nsha uli'wma si'patli'q mag'li'wmatlar A.Qi'di'rbaevti'n'[1], do'rendi kelbetliklerdi jasawshi' affiksler Q.Paxratdinov ha'm İ.Seytnazarovani'n' miynetinde [2], kelbetlik jasawshi' ayi'ri'm kelbetlik jasawshi' affiksler haqqi'nda D.Seytqasi'movti'n' maqalalari'nda[3], ren' bildiriwshi kelbetlik so'zler A.Bekbergenovti'n'[4], A'.Aymurzaevani'n'[5] maqalalari'nda u'yrenilgen. Biz usi' izertlewlerdi basshi'li'qqa ali'p, kelbetliktin' leksika-grmmatikali'q wo'zgesheliklerine qaray sapali'q kelbetliklerdi arnawli' izertlewdi aktual ma'sele si'pati'nda pitkeriw qa'nigelik jumi'si'mi'zg'a tema yetip tan'ladi'q.

**Jumi'st'n' maqseti ha'm wazi'ypalari'.** Jumi'sta qaraqalpaq tilindegi kelbetlik so'zlerdin' leksika-semantikali'q ma'nisin ha'm sapali'q kelbetliklerdin' grammatikali'q wo'zgesheliklerin ani'qlaw maqset yetip qoyi'ldi'. Bul maqsetke yerisiw ushi'n to'mendegidey wazi'ypalardi' sheshiw belgilendi:

- kelbetlik so'zlerdin' etimologiyasi'n u'yreniw;
- temag'a baylani'sli' ilimiy a'debiyatlarg'a sholi'w jasaw;
- kelbetlik so'zlerdin' ma'nilerin, woni'n' leksika-grammatikali'q wo'zgesheliklerin ani'qlaw;
- sapali'q kelbetlik so'zlerdin' leksika-grammatikali'q wo'zgesheliklerin ani'qlaw.

---

[1] *Қыдырбаев А.* Қарақалпақ тил илиминиң гейпара мәселелери. Нөкис.: 1988, 23-31-бетлер

[2] *Пахратдинов Қ., Сейтназарова И.* Қарақалпақ тилиндеги сөз жасаўшы аффикслер. Нөкис., 2010, 17-25-бетлер

[3] *Сейтқасымов Д.* Қарақалпақ тилинде -лы//-ли аффикси арқалы жасалған келбетликлердиң мәнилик түрлери – Түркий тил билиминиң әҳмийетли мәселелери. Нөкис: 2005.

[4] *Бекбергенов А.* «Қара» сөзиниң мэнислери ҳаққында. //Вестник ККФАН УзССР, 1969, N4, 54-59-бетлер.

[5] *Аймурзаева Ә.* Қарақалпақ тилиндеги түр-түс билдириўши келбетликлердиң мәнилери ҳаққында. - Қарақалпақ тил билиминин әҳмийетли мәселелери. Нөкис, 1995, 32-36-бетлер.

**İzertlewdin' ilimiy janali'g'i'.** Jumi'sta qarakalpaq tilindegi sapali'q kelbetlik so'zlerdin' ma'nileri ha'm xi'zmeti ken' tu'rde u'yrenildi. onomastikali'q atamalar qurami'nda jumsali'w wo'zgeshelikleri ani'qlandi'. Sonday-aq, wolardi'n' leksika-grammatikali'q wo'zgeshelikleri – qanday waqi'tta zatti'n' yaki predmettin' sapali'q belgilerin an'lati'wi', da'reje qosi'mtalari'n qabi'l yetken kelbetliklerdin' sapani' bildiriw wo'zgeshelikleri, sintaksislik wo'zgeshelikleri til faktleri ja'rdeminde ashi'p ko'rsetildi ha'm ken' tu'rde tallandi'.

**İzertlewdin' predmeti ha'm obiekti.** Ha'zirgi qaraqalpaq tilindegi sapali'q kelbetlik so'zlerdin' ko'rkem shi'g'armalarda qollani'li'w wo'zgeshelikleri obiekt yetip ali'ndi'. Sapali'q kelbetlik so'zler ha'zirgi qaraqalpaq tilinin' barli'q stillerinde de ken' tu'rde jumsali'w mu'mkinshiliklerine iye. A'sirese, wolar ko'rkem shi'g'armalar tilinde tu'rli awi'spali' ma'nilerde qollani'la aladi'. Sonday-aq, wolar wo'zlerine ta'n grammatikali'q wo'zgesheliklerine de iye. Bul jumi'sta izertlew obiektine ali'ndi'.

**Jumi'sta qollani'lg'an izertlew usi'llari'.** Jumi'sta kelbetlik so'zlerdin' ma'nileri, sapali'q kelbetliklerdin' leksika-grammatikali'q wo'zgeshelikleri si'patlama izertlew usi'li' tiykari'nda u'yrenildi. Soni'n' menen birge sali'sti'rmali'-tariyxi'y usi'li'ni'n' elementlerinen paydalandi'q.

# KİRİSİW

So'z – obiektiv du'nyadag'i' zat ha'm qubi'li'slardi'n', wolardi'n' qi'ymi'l-ha'reketlerinin', belgilerinin', sani'ni'n' ha'm t.b. adam sanasi'nda sa'wlyeleniwi arqali' payda bolg'an obrazlardi'n', tu'siniklerdin' tildegi ko'rinisi, atamasi', tan'basi'. So'zlerdin' bir topari' zatlardi'n' ati'n bildirse, yekinshileri zatlardi'n' belgilerin, u'shinshileri sani'n ha'm t.b. bildiedi. Tildegi so'zlerdin' atli'q, kelbetlik, sanli'q, almasi'q, feyil, ra'wish kibi toparlarg'a bo'liniwi wolardi'n' so'zlik halati', grammatikali'q wo'zgeshelikleri (morfologiyali'q belgileri ha'm sintaksislik xi'zmeti) tiykari'nda ju'zege kyeledi, yag'ni'y ha'r bir so'zde leksika-grammatikali'q ta'replerdin' birligi boladi'. Mine, usi'nday mashqalalardi' u'yreniw tildin' grammatikali'q quri'li'si'nda ju'z bergen wo'zgerislerlerdin' izbe-iz ani'qlani'w mu'mkinshiligin beredi.

Kelbetlik so'z shaqabi' da basqa so'z shaqaplari' si'yaqli' wo'zine ta'n wo'zgesheliklerine iye:

1. Kelbetlik – zatti'n' belgisin bildiretug'i'n so'zler topari'.
2. Morfologiyali'q si'pati' jag'i'nan kelbetlik so'z wo'zgertiwshi affiksler menen wo'zgermeydi. Wo'zi ani'qlaytug'i'n atli'q so'zler menen jupkerlesiw usi'li'nda baylani'sadi': ***suwi'q*** hawa, ***jas*** jan, ***aq*** qag'az, ***jasi'l*** sho'p, ***juwan*** bilek, ***awi'r*** ju'k ha'm t.b.
3. Kelbetlik da'reje kategoriyasi'na iye.
4. Kelbetliktin' u'lken ayi'rmashi'li'qlari'ni'n' biri – wol **intensiv** formalari'na iye: *sap-sari', u'p-u'lken, teppe-ten', qi'p-qi'zi'l, jep-jen'il, ap-awi'r, jap-jaqsi' t.b.*
5. Sintaksislik xi'zmeti jag'i'nan kelbetlikler, tiykari'nan, atli'q so'zlerdi ani'qlap, ani'qlawi'sh xi'zmetinde kyeledi.
6. Basqa so'z shaqaplari'na qarag'anda kelbetliklerdin' birden-bir wo'zgesheligi, bul woni'n' belgi ma'nisine iye boli'wi'. Usi'nday belgilerdin'

biri wolardi'n' leksika-semantikali'q toparlari'ni'n' qollani'li'w wo'zgeshelikleri boli'p yesaplanadi'.

Kelbetlikler zatlarg'a ta'n bolg'an tu'rli belgilerdi si'patlap ko'rsetedi: tu'r-tu'sti, ren'di: *jasi'l jiyren, shubar, ala*; si'rtqi' ko'rinisti, ko'lem-salmaqti': *awi'r, uzi'n, u'lken*; da'mdi, mazani': ashshi', dushshi', palday; tazali'qti', patasli'q sapani': *iplas, qolan'sa, azada*; i'ssi'-suwi'qli'qqa baylani'sli' belgilerdi: *salqi'n, qan ji'li'm, i'ssi'*; tu'rli ta'biyiy belgilerdi: *shi'rayli', aqsaq*; haywanlardi'n' minez-qulqi'n ha'm ha'reketine baylani'sli' belgilerdi: *su'zewik, ju'yrik, jatag'an*; adamni'n' minez-quli'q belgilerin: *haq kewil, ashi'wshaq, menmen;* adamni'n' hal-awhal belgisin: *quwnaq, gedey, shaqqan*; qurg'aqli'q-i'g'alli'q belgilerdi: *kebiw, ho'l, i'g'al* ha'm t.b. bildiredi.

Kelbetlikler belgi an'lati'wshi' so'zler si'pati'nda uli'wma til stil'lerinde, a'sirese ko'rkem a'debiyat stilinde wo'zinin' jiyi qollani'li'wi', basqa so'z shaqaplari'na sali'sti'rg'anda ayri'qsha stillik boyawlari', emocional-ekspressivlik qa'siyeti, ma'nilik wo'zgesheliklerge bay boli'wi' menen aji'rali'p turadi'.

Sintaksislik xi'zmeti jag'i'nan kelbetlikler, tiykari'nan, atli'q so'zlerdi ani'qlap, ani'qlawi'sh xi'zmetinde kyeledi.

Qaraqalpaq tilindegi kelbetlik so'zlerdin' leksika-semantikali'q toparlari'na woni'n' to'mendegi semantikali'q belgileri kiredi:

1) adamlardi'n', zatlardi'n', na'rsyelerdin' si'rtqi' ko'rinisine, ko'lemine, salmag'i'na baylani'sli' belgileri: *uzi'n, qi'sqa, tompaq, tapaltas, ari'q, mi'qi'r* ha'm tag'i' basqa.

2) zatlardi'n', na'rsyelerdin' tu'r-tu'sin, ren'in bildiretug'i'n kelbetlikler: *aq, qara, ko'k, qon'i'r, sur, shubar, shubar ala* ha'm tag'i' basqa.

3) zatlardi'n' da'mine, mazasi'na baylani'sli' belgilerin bildiriwshi so'zler: *ashshi', dushshi', mazali', za'ha'rdey, qanttay, kermek, shor, sho'rtek* ha'm ha'm tag'i' basqa.

4) zatlardi'n' i'ssi'-suwi'qli'g'i'ni'n' belgisin bildiredi: *i'ssi', suwi'q, ji'lli', salqi'n, qanji'li'm, ko'k temir, qara muz* ha'm tag'i' basqa.

Kelbetlikler wo'zinin' ani'qlaytug'i'n atli'g'i'ni'n' aldi'nda turi'p, qanday? qaysi'? sorawi'na juwap beredi, bunday jag'dayda wol so'z wo'zgertiwshi affikslerdi qabi'l yetpeydi. Morfologiyali'q jaqtan kelbetlikler arnawli' affiksler arqali' jasalatug'i'n da'reje kategoriyasi'na iye. Mi'sali': *uzi'nlaw, a'depli, zeyinli, tershil, so'ylemshek.*

Qaraqalpaq til biliminde kelbetliktin' leksika-semantikali'q toparlari'n tek u'stirtin mektep grammatikalari'nda, joqari' woqi'w wori'nlari' sabaqli'qlari'nda, son'g'i' ji'llari' shi'qqan qaraqalpaq tilinin' ilimiy grammatikalari'nda[6] g'ana azi'-kem so'z yetildi. Biraq ilimiy bag'darda bul tema arnawli' tu'rde yelege shekem izertlengen joq. Sol sebepten woni'n' leksika-grammatikali'q wo'zgeshelikleri toli'q tu'rde yele ani'qlanbag'an. Kelbetlik tu'rkiy tillerinin' ko'pshiliginde qazaq, qi'rg'i'z, tu'rkmen, wo'zbek ha'm tag'i' basqa tillerde ayi'ri'm arnawli' monografiyalarda so'z yyetilgen[7].

Qaraqalpaq tilinin' leksikasi'na, fonetikasi'na, morfologiya, sintaksisine tiykar salg'an ataqli' ilimpaz prof. N.A.Baskakov «Karakalpakskiy yazi'k»[8] miynetinde qaraqalpaq tilindegi zatlardi'n' leksika-semantikali'q belgilerin ko'rsetiwshi so'zlerdi bes toparg'a bo'lip ko'rsetedi. Wolardan: tu'r-tu's bildiriwshi: *qi'zi'l, qara, aq ha'm tag'i' basqa*; zatlardi'n' ko'lemin bildiriwshi: u'lken kishkene, ulli', biyik, ken', tar ha'm tag'i' basqa; adamlardi'n', haywanlardi'n' minez-qulqi'na baylani'sli': jaqsi', jaman, juwas, qatti', (adamg'a) si'qmar ha'm tag'i' basqa; zatlardi'n', na'rselerdin' da'mine baylani'sli': mazali', ashshi', dushshi', shortek ha'm tag'i' basqa; zatlardi'n',

---

[6] Ҳәзирги қарақалпак тили. Морфология. Нөкис, 1974; Ҳәзирги карақалпак тили. Морфология. Нөкис, 1981; Ҳәзирги қарақалпак әдебий тилиниң грамматикасы. Сөз жасалыў ҳәм морфология. Нөкис, 1994; Дәўлетов А., Дәўлетов М., Қудайбергенов М. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тили. Нөкис, 2010.

[7] Садыкова М. Ҳозирги ўзбек тилида сифат. Тошкент, «Фан» нашриети, 1974.

[8] Баскаков А. Каракалпакский язык. II. том. Фонетика и морфология. часть 1. (Части речи и словообразования). М., 1952.

na'rsyelerdin' ko'lemine baylani'sli': dumalaq (dup-dumalaq), juwan, semiz ha'm tag'i' basqa.

Sonday-aq basqa tillerden kirgen so'zlerdin' leksika-semantikali'q ma'nileri tilimizde wo'zlestiriliwi na'tiyjesinde qollani'li'p ju'rgen **arab tilinen kirgen**: a'skeriy, a'debiy, siyasiy ha'm tag'i' basqa: **iran tilinen wo'zlesken**: diywali'y: **rus tili arqali' wo'zlesken**: abstrakt, konkret, komunal ha'm tag'i' basqa so'zler, sonday-aq «bakteriyali', texnikali'q» so'zlerinin' wo'zlestiriliwi na'tiyjesinde semantikali'q ma'nileri tu'sinikli boli'p ketken.

Tu'rkiy til biliminde kelbetlik so'z shaqabi'na ta'n so'zlerdin' u'yreniliwi wo'zine ta'n tariyxqa iye.

Tu'rkiy tillerin izertlewshi ali'mlar kelbetliklerdin' wo'zine ta'n grammatikali'q kategoriyalarg'a iye yekenligi, jasali'w ha'm atli'qlasi'w (qa'siyeti) wo'zgesheligi, ga'ptin' qurami'ndag'i' sintaksislik xi'zmeti haqqi'nda a'hmiyetli pikirler bildirilgen.

Sonday-aq tu'rkiy tillerde kelbetlik uli'wma morfologiyali'q, semantikali'q-leksikali'q, frazeologiyali'q, sintaksislik jaqtan u'yrenildi.

Tu'rkiy tillerinde kelbetliktin' leksika-semantikali'q ma'nilerinin' qollani'li'wi' soni'n' ishinde ha'zirgi wo'zbek tilindegi kelbetliklerdin' semantikali'q ma'nileri jo'ninde prof. A.Madraximovti'n' bir qansha miynetlerinde ayti'lg'an. Wo'zbek tilindegi jan'adan jasalg'an kelbetliklerdin' semantikali'q ma'nileri ha'm wolardi'n' ha'zirgi tilde qollani'li'wi' tuwrali' so'z yetedi.

Ha'zirgi qazaq tilinde kelbetliktin' semantikali'q toparlari'ni'n' qollani'li'wi' tuwrali' A.Nurmaxanova[9] wo'zinin' miynetinde zatlardi'n', na'rsyelerdin' semantikali'q belgilerin bildiretug'i'n so'zler alti' toparg'a bo'ledi: 1) predmettin' tu'rin ko'rsetiwshi: *aq, qara, qi'zi'l, ko'k*; 2) ko'lemin bildiriwshi: *u'lken, kishkene, pu'tin, jarti'* (yari'm, ha'm tag'i' basqa); 3)

[9] Нурмаханова А. Түркий тилдериниң салыстырма грамматикасы. Алматы, 1971.

Formasi'n bildiretug'i'n kelbetlikler: alasi' (pa'kene), duri's (du'ziw), yegri, shuqi'r ha'm tag'i' basqa; 4) Arali'qti', araqashi'qli'qti' bildiretug'i'n kelbetlikler: *ali's, jaqi'n, ji'raq, uzaq, shalg'ay* ha'm tag'i' basqa: 5) Hal-jag'daydi' bildiretug'i'n kelbetlikler: *i'ssi', qurg'aq, pi'si'q, buzi'q, juwas* ha'm tag'i' basqa.

Ha'zirgi o'zbek tilindegi kelbetliktin' semantikali'q qollani'li'wi' boyi'nsha «Wo'zbek tili», «Wo'zbek tili grammatikasi'» miynetlerinde wo'zbek tilindegi kelbetliktin' semantikali'q toparlari'n to'mendegidey alti' toparg'a bo'lip ko'rsetedi. Ma'selen: zatlardi'n', na'rselerdin' tu'r-tu'sin; *aq, qara, sari'* ha'm tag'i' basqa; zatlardi'n' ko'lemin: *u'lken, ken', shuqi'r (havuz);* zatlardi'n' formasi'n bildiriwshi; *qi'ysi'q, azg'i'n tag'i' basqa*; zatlardi'n' mazasi'n bildiriwshi; *shiyrin, ashshi' ha'm tag'i' basqa*; na'rsyelerdin', zatlardi'n' xarakter belgisin bildiriwshi; *qi'zg'anshaq, ku'nshil (hayal) ha'm tag'i' basqa* zatlardi'n' hal-jag'dayi'n bildiriwshi: *suwi'q hawa, qoyi'w shay, qari'wli' adam ha'm tag'i' basqa.*

Wo'zbek til biliminde subtantivlesken kelbetlikler, wolardi'n' ren'-tu's bildiriwshi topari', kelbetliktin' ma'nilik tu'rlerinin' tu'sindirme so'zlikte beriliw wo'zgeshelikleri[10] ha'm ren' bildiriwshi kelbetliklerdin' jasali'w wo'zgeshelikleri, wolardag'i' polisemiya ha'm omonimiya qubi'li'si' u'yrenildi, wo'zbek ha'm qaraqalpaq tilindegi «qattiq» ha'm «qatti'» leksemalari'[11] sali'sti'rmali' tu'rde izertlendi.

1960-ji'llarg'a kelip wo'zbek til biliminde kelbetlik so'zlerdi M.Sadi'qova teren'irek u'yrendi. Wol 1963-ji'li' «O'zbek tilida rang-tus bildiruvchi sifatlar» degen temada kandidatli'q dissertaciya jaqladi'. Eki tomli'q «Hozirgi o'zbek adabiy tili» (1986) ha'm «O'zbek tili grammatikasi'» (1975) atli' izertlewlerdin' «Sifat» temalari'n jazdi'. 1974-ji'li' woni'n' «Hozirgi

---

[10] *Ҳамдамова М.* Ўзбек тилида сифатнинг маъно турлари ва уларнинг ўзбек изоҳли луғатида берилиши. Тошкент, 1964

[11] *Қурбаниязов Г.* Ҳозирги ўзбек ва қорақалпок адабий тилларидаги каттиқ, қатти лексемаларининг қиёсий таҳлили. Номз. дисс.автореф.. Ташкент, 1998.

o’zbek tilida sifat» atli’ monografiyasi’ ja’riyalandi’. Bunda[12] kelbetliklerdin’ ma’nilik tu’rleri 9g’a jetkerilgen bolsa, «O’zbek tili grammatikasi’»nda (1-tom, 1975) bul haqqi’ndag’i’ pikirler yele de konkretlestirilgen ha’m ken’eyttirilgen.

Kelbetliktin’ leksika-semantikali’q ma’nileri ha’mme tillerge de ta’n, biraq qaraqalpaq tilinde wo’zinin’ wo’zgesheliklerine iye.

Qaraqalpaq tilindegi kelbetlik so’z shaqabi’ jo’nindegi da’slepki izertlew professor N.A.Baskakovti’n’[13] miynetlerinen baslanadi’. İlimpazdi’n’ qaraqalpaq tilin da’slepki izertlegen miynetlerinde kelbetlik jasawshi’ qosi’mtalar jo’ninde aytqan bolsa, woni’n’ "Karakalpakskiy yazi’k" miynetinde basqa so’z shaqaplari’ menen birge kelbetliklerge toktap o’tedi.

Kelbetlikler semantika-grammatikali’q ma’nisi, morfologiyali’q wo’zgeshelikleri, sintaksislik xi’zmeti menen qollani’li’w wo’zgesheligi jag’i’nan wo’zine ta’n wo’zgesheligi bar so’z shaqabi’.

Wol tildin’ tariyxi’y rawajlani’w procesinde leksika-grammatikali’q ma’nisi ha’m belgileri boyi’nsha basqa so’z shaqaplari’na uqsamaydi’. N.A.Baskakovti’n’[14] ko’rsetiwi boyi’nsha: «tu’rkiy tillerindegi so’z shaqaplari’ bir formada, bir xi’zmetti atqarg’an. Tildin’ tariyxi’y rawajlani’wi’ na’tiyjesinde wolar wo’z aldi’na so’z shaqaplari’ boli’p aji’ralg’an. Bul so’z shaqaplari’ wo’z gezeginde ma’nilik belgileri ha’m grammatikali’q formalari’ menen toparlarg’a bo’lingen. Ma’selen, qazaq tilinin’ tariyxi’y grammatikasi’nda kelbetlikler morfologiyali’q jaqtan tiykarg’i’ ha’m qosi’msha kelbetlikler boli’p bo’lingen»[15].

Kelbetlik ma’nilerine qaray ren’di (qi’zi’l, aq, ko’k, jasi’l, ala, qara, sari’), ko’lemdi (u’lken, kishkene, ulli’, biyik, ken’, tar), minez-quli’qti’

---

12 *Содиқова М.* Қора сўзи ва унинг маънолари. -Тилшунослик масалалари. Тошкент. 1960. *Садыкова М.С.* Слова. обозначающие цвет и окраску в узбекском яязыке, Автореф. дисс. канд.фил.наук, Ташкент.1963. 24 с.

13 *Баскаков А.* Каракалпакский язык. II. том. Фонетика и морфология. часть 1. (Части речи и словообразования) . М., 1952, 204-216-бетлер.

14 *Баскаков Н.А.* Каракалпакский язык, II, М.,1952, 161-бет.

15 *Томанов А.* Қазақ тилиниң тарийхый грамматикасы, Алма-Ата, 1988, 172-178-бетлер

(juwas, jaqsi', jaman,qatti'), da'mdi (ashshi', dushshi', mazali'), si'rtqi' formani' (jumalaq, juwan, semiz) bildiretug'i'ni' ko'rsyetilgen. Sonday-aq, kelbetliklerdin' jasali'w usi'llari'na, da'rejelerine toqtag'an.

Qaraqalpaq til biliminde kelbetlik jo'ninde «Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Morfologiya (No'kis, 1974),[16] Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Morfologiya (No'kis, 1981)»[17], Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tili (No'kis, 2010) sabaqli'qlari'nda so'z yetiledi. «Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinin' grammatikasi'. So'z jasali'w ha'm morfologiya» (No'kis, 1994)[18] ilimiy grammatikasi'nda kelbetliklerge ken' tu'rde toqtap, kelbetliklerdi leksikali'q ha'm grammatikali'q wo'zgesheligine qaray yeki toparg'a bo'lip qaraydi'.

Bulardan basqa A.Qi'di'rbaevti'n' «Qaraqalpaq til biliminin' geypara ma'seleleri»[19] atli' miynetinde kelbetlik so'z shaqabi', woni'n' jasali'wi', du'zilisine qaray tu'rleri, kelbetliktin' da'rejeleri, sintaksislik xi'zmetleri uli'wma bag'darda so'z yetilgen.

Ha'zirgi qaraqalpaq tilindegi kelbetliklerdin' semantikali'q qollani'li'wi' jo'ninde A.Bekbergenov[20] wo'zinin' «qara» so'zinin' ma'nileri maqalasi'nda kelbetliklerdin' ma'nilerinin' ken' yekenin da'lilleydi. Sonday-aq qaraqalpaq tilindegi kelbetliktin' rus-internacional tillerinen affiksaciya joli' menen wo'zlesip, qaraqalpaq tilinde wolardi'n' ma'nilerinin' ken' yekenin da'liyllegen ilimpaz K.M.Qoshanov[21] boldi'. Woni'n' «Affiksalnoe obrazovanie prilagatelni'x … » degen maqalasi'nda bul pikirimiz tasti'yi'qlanadi'.

Qaraqalpaq tilindegi kelbetliklerdin' leksika-semantikali'q usi'l menen jasali'p jan'a so'z payda yetiwi, yaki atli'qlasi'wi' jo'ninde ilimpaz

---

16 Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология. Нөкис, 1974
17 Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология. Нөкис, 1981
18 Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилинин грамматикасы. Сөз жасалыў хәм морфология» (Нөкис,1994)
19 *Қыдырбаев А.* Қарақалпақ тил билиминниң гейпара мәселелери. Нөкис, 1988 23-32-бетлер
20 *Бекбергенов А.* «Қара» сөзиниң мәнилери ҳаққында – «Хабаршы», Нөкис, 1969, №4 , 54 – 58 б.
21 *Қошанов К.М.* Аффиксальное образование прилагательных в каракалпакском языке на основе русско-интернациональных заимствований. – Сб. «Вопросы русского языка». Ташкент, 1981

A.Aymurzaeva wo'zinin' ilimiy maqalalari'nda ha'm monografiyasi'nda so'z yetedi[22]. Woni'n' pikiri boyi'nsha: «kelbetlik so'zler wo'zinin' semantikali'q ma'nisin saqlay woti'ri'p, basqa so'z shaqaplari'na wo'tedi», a'sirese atli'qti'n', ra'wishtin' qurami'na ko'birek wo'tedi. Mi'sali': «jaqsi'» - kelbetlik, «jaqsi'» - atli'q. Bunday jag'dayda wolar atli'qqa tiyisli so'z jasawshi' affikslerdi qabi'l yetedi.

Mi'sali':

Jaqsi'ni'n' barsan' qasi'na, beri kel dep shaqi'rar.

Jamanni'n' barsan' qasi'na, ash jolbari'stay aqi'rar (naqi'l).

B.Yusupovani'n' «Ko'rkem shi'g'armalarda kelbetliklerdin' stillik qollani'li'wi' (İ.Yusupov shi'g'armalari' tiykari'nda)» atli' kandidatli'q dissertaciyasi'nda[23] kelbetliklerdin' stillik qollani'li'wi' arnawli' izertlenildi.

Kelbetlik so'z shaqabi' ha'zirgi qaraqalpaq tilinin' grammatika tarawi'nda yele toli'q izertlenbegen ma'selelerdin' biri boli'p tabi'ladi'.

**Jumsti''n' maqseti ha'm wazi'ypalari'.** Jumi'sta qaraqalpaq tilindegi kelbetlik so'zlerdin' leksika-semantikali'q ma'nisin ha'm sapali'q kelbetliklerdin' grammatikali'q wo'zgesheliklerin ani'qlaw maqset yetip qoyi'ladi'. Bul maqsetke yerisiw ushi'n to'mendegidey wazi'ypalardi' sheshiw belgilendi:

- temag'a baylani'sli' ilimiy a'debiyatlarg'a sholi'w jasaw;
- kelbetlik so'zlerdin' ma'nilerin, woni'n' sapali'q belgilerdi bildiriwdegi wo'zgesheliklerin ani'qlaw;
- ren' bildiriwshi kelbetlik so'zlerdin' grammatikali'q wo'zgesheliklerin, wolardi'n' qanday qosi'mtalardi' qabi'l yete ali'w mu'mkinshiliklerin ani'qlaw.

---

[22] *Аймурзаева А.* Қарақалпақ тилиндеги келбетлик ҳәм фейиллердиң субстантивлесиўи. Нөкис, «Билим», 1992.
[23] *Юсупова Б.* Көркем шығармаларда келбетликлердиң стильлик қолланылыўы (И.Юсупов шығармалары тийкарында). Канд. дисс. Нөкис, 2001.

# I BAP.
# QARAQALPAQ TİLİNDEGİ KELBETLİKLERDİN' LEKSİKA-GRAMMATİKALI'Q TU'RLERİ

Kelbetlik jeke tu'rinde belgili leksikali'q ma'nini an'latadi', morfologiyali'q formag'a iye boladi'. Wol sintaksislik xi'zmeti boyi'nsha wo'z aldi'na ag'za bola aladi'. So'z jasaw sistemasi'ndag'i' wo'zgesheligi boyi'nsha bir so'z shaqabi'nan yekinshi bir so'z shaqabi'ni'n' xi'zmetine wo'te ali'w mu'mkinshiligi menen de pari'qlanadi'. Grammatikali'q si'pati' jag'i'nan kelbetlik, ko'binese atli'q so'zlerdi ani'qlap keledi. Wol zatti'n' ha'r qi'yli' belgisin bildiredi, qanday? qaysi'? sorawlari'na juwap beredi. Basqa ma'nili wo'z shaqaplari'nan ayi'ri'li'p turatug'i'n wo'zgesheliklerinen biri so'z wo'zgertiwshi affiksleri yesaplang'an ko'plik, seplik, tarti'm jalg'awlari' menen wo'zgermeytug'i'n si'patqa iye.

Tu'rkiy tillerinin' ko'pshiliginde qazaq, bashqurt, qaraqalpaq[24] tillerinde kelbetliklerdin' semantikali'q toparlari' birdey formada berilgen, yag'ni'y kelbetlikler sapali'q ha'm qatnasli'q boli'p yekige bo'linedi.

Tiykar kelbetlikler qosi'mtasi'z, tu'bir hali'ndag'i' so'zlerden boladi' da, do'rendi kelbetlikler ha'r qi'yli' qosi'matalardi'n' atawi'sh ha'm feyil tu'birli so'zlerge qosi'li'wi' na'tiyjesinde jasaladi'.

Tyurkologiyali'q a'debiyatlarda tiykar kelbetlikti dara, qosi'mtasi'z kelip, zatti'n' ha'r qi'yli' belgilerin bildiriwine qaray sapali'q kelbetlikler, wol do'rendi formalari'n qosi'mtalar menen jasali'wi'na qaray qatnasli'q kelbetlikler dep bo'lip ko'rsetedi.

Tiykar kelbetlikler tilimizde de az qollani'ladi'. Wo'ytkeni, dara hali'ndag'i' tiykar kelbetliklerdin' wo'zleri de tariyxi'y shi'g'i'si' boyi'nsha do'rendi boli'p kelgen.

---

24 Қазақ тилиниң грамматикасы, I, Алма-Ата, 1998; Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы, I, Нөкис,1994, 140-бет.

Ha'zirgi qaraqalpaq tilindegi tiykar kelbetlikler sani' jag'i'nan az bolg'ani' menen wolardi'n' payda boli'wi' ha'm qa'liplesiwinde yeki tu'rli wo'zgeshelikti bayqawg'a boladi'. Mi'sali', geypara tiykar kelbetlikler tuwra ma'nisinde kelbetlik ha'm atli'q boli'p kyeledi. Mi'sali', ko'k, qara so'zleri usi'nday yeki ma'nini an'latadi'. Bunday yeki ma'ni beriliw yeski jazba yesteliklerde de ushi'rasadi'. Kelbetliklerdin' ma'nilik belgileri, wolardi'n' ha'r qi'yli' xi'zmette qollani'li'wi' jag'i'nan basqa so'zlerge uqsamaydi'. Mi'sali', ko'k, jari'q so'zlerinin' ma'nilerinin' ken'eyiwi ha'm qollani'li'wi' jag'i'nan atli'q ha'm kelbetlik boli'wi' mu'mkin. Biraq, wolardi'n' qaysi' so'z shaqabi' yekenligin ga'pte qollani'li'wi'na ha'm xi'zmetine qaray ani'qlaw mu'mkin.

Tilde tariyxi'y rawajlani'wi' na'tiyjesinde tu'bir menen qosi'mta bo'linbeytug'i'n so'zler boli'p leksikali'q ma'nisi ha'm morfologiyali'q quri'li'si' jag'i'nan tiykarg'i' beligilerge iye bolg'an so'zler boli'p tabi'ladi'.

Shi'g'armada tiykar kelbetliklerdin' to'mendegi ma'nilerdi an'latatug'i'n tu'rleri boli'p, wolar qanday da bir belgini, adamlardi'n' xarakterlerin an'lati'wda qollani'ladi'.

1) qanday da bir na'rsenin' jag'dayi'n bildirip keledi. Mi'sali': *I'ssi'*, lekin, wortag'a wot jag'i'ldi' (Sh.Seytov).

Ata-anasi'ni'n' *ji'lli'* qushag'i'nda ju'rgen balalar az (Sh.Seytov).

2) adamlardi'n' minezlerin bildiredi. Mi'sali': Woni'n' *wo'jet* minezine shayi'q hayran qaldi' (Sh.Seytov).

3) adamlardi'n' tu'r-tu'sin, belgisin an'latadi'. Mi'sali': Wol kisinin' *iri gewdesi*, ku'lip turg'an shi'rayi', sheshek dag'li' ju'zine jarasqan *siyrek* saqali' ko'z aldi'mda (Sh.Seytov).

4) adamlarg'a ta'n belgilerdi bildiretug'i'n so'zler menen qollani'ladi'. Mi'sali': Jigitleri *palwan*, qi'z-kelinshekleri *suli'w* ha'm *ma'rt*, *ha'zilkesh* boladi' dep Xiywali' maqtandi' (Sh.Seytov).

5) zatlardi’n’ belgisin sali’sti’ri’w arqali’ bildiredi. Mi’sali’: Qazang’a sali’ng’an *si’ni’q* sho’mish bir shetke qoyi’ldi’ (Sh.Seytov).

Tiykar kelbetlikler bul romanda tek abstrakt ma’nide qollani’li’p, semantika-grammatikali’q jaqtan birqansha wo’zgesheliklerge iye bolg’an. Tiykar kelbetliklerdin’ «bosan’, wo’reski, sug’anaq, teperish» si’yaqli’ tu’rleri qollani’li’p adamlarg’a ta’n bolg’an konkret belgilerdi bildirgen.

Kelbetlik wo’zinin’ ma’nisi ha’m grammatikali’q wo’zgesheliklerine qaray:

1. Sapali’q kelbetlik.

2. Qatnasli’q kelbetlik tu’rinde u’yreniledi.

Sapali’q kelbetlikler sap kelbetlikten boli’p, qosi’mtalardi’n’ ja’rdemisiz-aq wo’zinin’ leksikali’q ma’nisi arqali’ predmettin’ ha’r qi’yli’ sapali’q belgilerin bildiredi. Sapali’q kelbetlikler da’reje ko’rsetkishlerin qabi’llay ali’wshi’li’g’i’ menen de wo’zgeshyelenedi. Qatnasli’q kelbetlikler bolsa predmet belgisin tikkyeley an’latpastan woni’n’ basqa predmetke bolg’an qatnasi’ arqali’ bildiriledi.

Bul kelbetlikler wo’zi jasalg’an so’zdin’ tiykari’ menen semantikali’q baylani’sta boladi’. Wolardi’n’ sapali’q kelbetliklerden wo’zgesheligi ha’r qi’yli’ so’z jasawshi’ qosi’mtalardi’n’ ja’rdemi menen jasala ali’wi’nda, kelbetliktin’ da’reje ko’rsetkishlerin qabi’llamaydi’, tek ayi’ri’m so’zlerde, jeke-siyrek jag’dayda g’ana intensiv formalar menen kyeledi.

Tu’bir kelbetlikler qosi’mtasi’z, tu’bir hali’ndag’i’ so’zlerden boladi’ da, do’rendi kelbetlikler ha’r qi’yli’ qosi’matalardi’n’ atawi’sh ha’m feyil tu’birli so’zlerge qosi’li’wi’ na’tiyjesinde jasaladi’.

Tyurkologiyali’q a’debiyatlarda tiykar kelbetlikti dara, qosi’mtasi’z kelip, zatti’n’ ha’r qi’yli’ belgilerin bildiriwine qaray sapali’q kelbetlikler, wol do’rendi formalari’n qosi’mtalar menen jasali’wi’na qaray qatnasli’q kelbetlikler dep bo’lip ko’rsetedi.

**1. Sapali’q kelbetlikler.** Hesh qanday affikstin’ ja’rdemisiz-aq jasali’p, ma’nisi jag’i’nan zatti’n’ tu’rin (**suli’w, go’zzal, su’mbil, qi’rmi’zi’**), da’min (**ashshi’, dushshi’**), ren’in (**aq, qara, qi’zi’l, ko’k, sari’, ala, qon’i’r, targ’i’l**) sapasi’n (**jan’a, go’ne, qatti’, jaqsi’, jaman**), ko’lemi menen mo’lsherin (**u’lken, kishi, awi’r, jen’il**), sonday-aq adamlardi’n’ ha’r qi’yli’ psixologiyali’q jag’dayi’, kewil xoshi’na baylani’si’li’ birqansha belgilerdi an’latadi’, wolardi’n’ sapasi’n ken’irek ko’lemde ani’qlaydi’. Bul topardag’i’ kelbetlikler basqa topardag’i’ kelbetlikler si’yaqli’ kontekst ishinde kelgende qanday? qaysi’? degen sorawlarg’a juwap beredi.

Mi’sali’:

**Aq** saqal, **qara** saqal, **aq** jawli’q, **qi’zi’l** jawli’q, aydarli’ bala, tuli’mshaqli’ qi’z – ha’mmesi da’r’ya jag’asi’nda sap tarti’p tur (K.Sultanov).

Wo’zin’ **jetim** balasan’ (T.Qayi’pbergenov).

U’lken stoldi’n’ do’gereginde, betine birden **i’ssi’** ha’wir urdi’ (T.Qayi’pbergenov).

Sapali’q kelbetliklerge sali’sti’ri’w, artti’ri’w da’rejesi formalari’ yerkin jalg’ana beredi.

**2. Qatnasli’q kelbetlikler.** Bir zatqa ta’n belgini tikkyeley emes al, affikslerdin’ jalg’ani’wi’ arqali’ basqa so’z shaqabi’nan (atawi’sh ha’m feyil so’zlerden) jasaladi’. Wolar zatti’n’ tu’rin tu’sin, kelbetin, ko’lemin, mug’dari’n, shamasi’n ha’m basqa zatlarg’a qatnasi’n bildiredi.

Mi’sali’:

Bul seksewildin’ qi’ysi’q wo’zegin **uzi’nli’g’i’ qulashtay** ko’z a’ynekli ji’lan worag’an (Sh.Seytov).

Yerjan **i’zali’ Ko’kjalday** qabag’i’ tu’nerip, wo’zin gu’reske sazladi’ (K.Sultanov).

Jaz baslani’p kiyati’rg’ani’ menen **azang’i’** hawa biraz salqi’nlaw yedi (T.Qayi’pbergenov).

Qatnasli’q kelbetlikler affikslerdin’ jalg’ani’wi’ arqali’ atli’q, feyil, ra’wish t.b. so’zlerden jasali’p, swolarg’a baylani’sli’ bolg’an ha’r qanday si’ndi’ belgini basqa zatqa qatnasi’ arqali’ an’latadi’.

Qatnasli’q kelbetliklerge sali’sti’ri’w da’rejesinin’ geypara formalari’ (-g’i’lt//-gilt, -g’i’lti’m//-giltim, -g’i’sh//-gish) jalg’anbaydi’. Sonday-aq ayi’ri’mlari’ intensiv formalar menen qollani’la almaydi’.

Sapali’q ha’m qatnasli’q kelbetlikler zatti’n’ qanday belgisin bildiriwine qaray bir neshe ma’nilik tu’rlerge bo’linedi:

1) Ren’di bildiriwshi kelbetlikler: **aq, qara, qi’zi’l, qon’i’r, sari’, tori’, ko’k, ku’l ren’, shubar t.b.**

Mi’sali’:

Quptan boli’wdan aspandi’ **qara** bult qaplap, qatti’ samal yesti (K.Sultanov).

2) Sapani’ bildiriwshi kelbetlikler: **jaqsi’, jaman, qi’mbat, wo’tkir, jumsaq, qatti’** t.b. Mi’sali’:

Alma tu’sken menen **aqmaq** gellege,
Ashi’la bermeydi Nyutonni’n’ zan’i’
(İ.Yusupov).

3) Jag’daydi’ bildiriwshi kelbetlikler**: jas, g’arri’, taza, go’ne, aqsaq, si’ni’q, suwi’q, saqaw, soqi’r** t.b.

Mi’sali’:

Sen meni **ji’lli’** so’z benen aldasti’raman dep turmi’san’ (Sh.Seytov).

Qolayli’ aydi’nlarg’a, sen, **taza** ji’li’m shi’g’ar (K.Sultanov).

4) Adam ha’m haywanatlardi’n’ xarakterin bildiriwshi kelbetlikler: **ashi’wshaq, qorqaq, bati’r, tebewik, uri’sqaq, jalaxor.**

Mi’sali’:

**Baqi’rawi’q** tu’yenin’ bari’ jaqsi’ (Naqi’l).

5) Da’mdi bildiriwshi kelbetlikler: **ashshi’, dushshi’, mazali’, tatli’, shiyrin** t.b.

Mi’sali’:

A’miwdar’yani’n’ qayi’ri’ menen Aral ko’llerinin’ maqpal shalan’lari’n jep wo’sken bizin’ bali’qtan **shiyrin** bali’q bolmaydi’ (K.Sultanov).

6) Si’n-si’mbatti’ bildiriwshi kelbetlikler: **juwan, pa’s, biyik, uzi’n, tompaq, qi’ysi’q** t.b.

Mi’sali’: Ha’mmege **qi’ysi’q** si’rnay tabi’la bere me? (Sh.Seytov).

7) Ko’lem, arali’q ma’nisin bildiriwshi kelbetlikler: **ken’, tar, ali’s, jaqi’n** t.b.

Mi’sali’:

İnsan peyili tari’lg’anda biraqta,
Yeki adamg’a tarli’q yeter **ken’** du’n’ya
(İ.Yusupov).

8) Wori’ndi’, waqi’tti’ kelbetlikler: **u’ydegi, du’zdegi, mekteptegi, azang’i’, tu’ski, jazg’i’, won’, sol** t.b.

Mi’sali’: Joldi’n’ w**on’ qaptali’ndag’i’** na’ha’n seksewil qashan wo’sse de di’qqati’n tartpay qoymaydi’ (Sh.Seytov).

İshke **jazg’i’** tu’nnin’ salqi’n hawasi’ gu’p yetip urdi’ (Sh.Seytov).

9) Usasli’q, sheriklik ma’nisin bildiriwshi kelbetlikler: **tu’yedey, iynedey, maymi’lday, pikirles, si’rlas, awi’llas** t.b.

Mi’sali’:

**Ayday** ju’zine ayi’ri’lmastay qali’n’ shirkew shi’mi’ldi’g’i’ tu’sti (K.Sultanov).

10) Tu’birden an’lati’lg’an zatqa iye ekenligin bildiretug’i’n kelbetlikler: **aqi’lli’, bilimli, za’ha’rli, miyweli, sayali’, a’rebi, qazaqi’** t.b

Mi’sali’:

A’tirapta bunnan basqa **miywali’** bag’ da joq (Sh.Seytov).

11) Tu’birden an’lati’lg’an zatti’n’ joqli’g’i’n bildiretug’i’n kelbetlikler: **suwsi’z, gu’nasi’z, biygu’na, biyqayg’i’, nainsap** t.b.

Mi’sali’:

Ten’izdin’ **sheksiz** aydi’ni’na ko’zin tikti

(K.Sultanov).

Ko’bisi **hiylesiz** xi’zmet qi’lmadi’,

Mu’mkin yendigiler sanali’ bolar

(İ.Yusupov).

## 2-BAP.
## QARAQALPAQ TILINDEGI SAPALI'Q KELBETLIKLERDIN' LEKSIKA-GRAMMATIKALI'Q WO'ZGESHELIKLERI

Sapali'q kelbetliklertin' qatnasli'q kelbetlikten leksika-grammatikali'q jaqtan wo'zgesheliklerin ani'qlay woti'ri'p, tiykari'nan, woni'n' to'mendegishe jag'dayda an'lati'latug'i'nli'g'i'n ani'qlawg'a boladi':

### 2.1. Tu'bir kelbetlikler arqali' an'lati'lg'an sapali'q kelbetlikler

Tu'bir kelbetlikler tilimizde de az qollani'ladi'. Wo'ytkeni, dara hali'ndag'i' tu'bir kelbetliklerdin' wo'zleri de tariyxi'y shi'g'i'si' boyi'nsha do'rendi boli'p kelgen.

Ha'zirgi qaraqalpaq tilindegi tu'bir kelbetlikler sani' jag'i'nan az bolg'ani' menen wolardi'n' payda boli'wi' ha'm qa'liplesiwinde yeki tu'rli wo'zgeshelikti bayqawg'a boladi'. Mi'sali', geypara tu'bir kelbetlikler tuwra ma'nisinde kelbetlik ha'm atli'q boli'p kyeledi. Mi'sali', ko'k, qara so'zleri usi'nday yeki ma'nini an'latadi'. Bunday yeki ma'ni beriliw yeski jazba yesteliklerde de ushi'rasadi'. Kelbetliklerdin' ma'nilik belgileri, wolardi'n' ha'r qi'yli' xi'zmette qollani'li'wi' jag'i'nan basqa so'zlerge uqsamaydi'. Mi'sali', ko'k, jari'q so'zlerinin' ma'nilerinin' ken'eyiwi ha'm qollani'li'wi' jag'i'nan atli'q ha'm kelbetlik boli'wi' mu'mkin. Biraq, wolardi'n' qaysi' so'z shaqabi' yekenligin ga'pte qollani'li'wi'na ha'm xi'zmetine qaray ani'qlaw mu'mkin.

Tilde tariyxi'y rawajlani'wi' na'tiyjesinde tu'bir menen qosi'mta bo'linbeytug'i'n so'zler boli'p leksikali'q ma'nisi ha'm morfologiyali'q quri'li'si' jag'i'nan tiykarg'i' beligilerge iye bolg'an so'zler boli'p tabi'ladi'.

Kelbetlikler predmettin' si'n-si'mbati'n, tu'r-tu'sin, qa'siyetin ha'm tag'i' basqa sapali'q belgilerin bildirgende, woni' tuwri'dan-tuwri' yamasa bir predmettin' yekinshi bir predmet penen qatnasi' arqali' da bildirip kele beriwi mu'mkin. Sonli'qtan da wo'zlerinin' an'latatug'i'n ma'nislerine ha'm grammatikali'q wo'zgesheliklerine qaray sapali'q kelbetlik ha'm qatnasli'q kelbetlik boli'p u'lken yeki toparg'a bo'linedi. Qaraqalpaq tilinde sapali'q kelbetliklerge hesh qanday grammatikali'q ko'rsetkishlerdi qabi'l yetpey-aq leksika-semantikali'q ma'nisi boyi'nsha tur-tu'sin, da'min, sapasi'n, ko'lemin, salmag'i'n ha'm tag'i' basqa belgilerin, qa'siyetlerin tikkyeley ko'rsetiwshi tu'bir kelbetlikler kiredi. Mi'sali': *Aq, qara, qi'zi'l, ko'k, sari', qon'i'r, suli'w, go'zzal, jan'a, go'ne, u'lken, kishi, awi'r, jen'il* ha'm t.b.

Qaraqalpaq tilinde tu'bir kelbetliklerdin' to'mendegi ma'nilerdi an'latatug'i'n tu'rleri boli'p, wolar qanday da bir belgini, adamlardi'n' xarakterlerin an'lati'wda qollani'ladi':

- qanday da bir na'rsenin' jag'dayi'n bildirip keledi. Mi'sali': *I'ssi'*, lekin, wortag'a wot jag'i'ldi' (Sh.Seytov).

Ata-anasi'ni'n' *ji'lli'* qushag'i'nda ju'rgen balalar az (Sh.Seytov).

- adamlardi'n' minezlerin bildiredi. Mi'sali': Woni'n' *wo'jet* minezine shayi'q hayran qaldi' (Sh.Seytov).
- adamlardi'n' tu'r-tu'sin, belgisin an'latadi'.

Mi'sali': Wol kisinin' *iri gewdesi*, ku'lip turg'an shi'rayi', sheshek dag'li' ju'zine jarasqan *siyrek* saqali' ko'z aldi'mda (Sh.Seytov).

- adamlarg'a ta'n belgilerdi bildiretug'i'n so'zler menen qollani'ladi'. Mi'sali':

Jigitleri *palwan*, qi'z-kelinshekleri *suli'w* ha'm *ma'rt, ha'zilkesh* boladi' dep Xiywali' maqtandi' (Sh.Seytov).

- zatlardi'n' belgisin sali'sti'ri'w arqali' bildiredi.

Mi'sali': Qazang'a sali'ng'an *si'ni'q* sho'mish bir shetke qoyi'ldi' (Sh.Seytov).

Tu’bir kelbetliklerdin’ «bosan’, wo’reski, sug’anaq, teperish» si’yaqli’ tu’rleri qollani’li’p adamlarg’a ta’n bolg’an konkret belgilerdi bildirgen.

Hesh qanday affikslerdin’ ja’rdemisiz-aq to’mendegishe sapali’q kelbetlikler jasaladi’:

1) Zatti’n’ tu’r-tu’sin bildiredi: ***suli’w, go’zzal, su’mbil, qi’rmi’zi’.***

2) Da’mdi bildiredi: ***ashshi’, dushshi’.*** Bunday kelbetlikler ha’r qi’yli’ ma’nilerde qollani’latug’i’n sapali’q kelbetlikler boli’p esaplanadi’.

Mi’sali’:

*Ashshi’* ku’lki menen jurtti’ jubati’p,
Shi’mbay jaqtan o’tken Wo’mirbek laqqi’
*Ashshi’* tiller wolarg’a ko’zler,
Bezergen yerin, sazarg’an ju’zler

(İ.Yusupov)

Bul mi’sallardag’i’ «ashshi’» kelbetlik so’zi wo’zinin’ tuwra ma’nisinde yemes, awi’spali’ «jaman» degen ma’nide qollani’lg’an. Mi’sali’:

Lebin’ tiyip ishkin’ kelse,
*Shiyrin-sheker* bal bolar

(İ.Yusupov).

Usi’ gu’jimnin’ tusi’na kelgende quyqani’n’ buri’ng’i’dan da beter *wo’tkir* iyisi shi’qti’. (Sh.Seytov)

Bul mi’sallardag’i’ «shiyrin-sheker», «wo’tkir» kelbetligi sapali’q kelbetlik xi’zmetinde qollani’lg’an.

***3)*** Zatti’n’ ren’in bildiredi: ***aq, qara, qi’zi’l, ko’k, sari’, ala, qon’i’r, targ’i’l.***

Mi’sali’:

Ayag’i’nda aq pushta yetik, basi’nda qi’rpi’q qara malaqay, beshbentinin’ si’rti’nan seresi tu’sin’kiregen duwxat shapan kiygen. (Sh.Seytov).

Jasi’l keste woysan’ ba’ha’rde,
Wo’mir gu’li jawdi’rar wo’ner.

(İ.Yusupov)

Mi’saldag’i’ aq pushta, qara, jasi’l so’zlerinde aq so’zi pushta atli’q so’zi menen, qara kelbetligi malaqay so’zi menen dizbeklesip, jasi’l so’zi keste so’zi zatlardi’ ani’qlap, ren’ tu’r-tu’s bildiriwshi atli’q ma’nisinde qollani’lg’an.

4) Zatti’n’ sapasi’n bildiredi: ***jan’a, go’ne, qatti’, jaqsi’, jaman.***

Bunday kelbetlikler adamlarg’a ha’m basqa da predmetlerge ta’n azadali’q, pa’klik belgilerin bildiredi.

Mi’sali’:

*Taza* ju’rek, *taza* ta’lim sebedi.
Men *taza* qan ha’m sap ju’rekte islengen,
Men Berdaqti’n’ jalg’i’z tamshi’ qani’man

(İ.Yusupov)

Bul mi’sallardag’i’ kelbetlikler wo’zinin’ tuwra ma’nisinde yemes, awi’spali’ ma’nide berilgen.

4) Zatlardi’n’ ko’lemi menen mo’lsherin bildiredi: ***u’lken, kishi, awi’r, jen’il.*** Bul kelbetlikler predmetlerdin’ salmaqli’li’g’i’na, ko’lemine baylani’sli’ belgisin ani’qlaydi’ ha’m sapali’q kelbetlikler boli’p keledi.

Mi’sali’:

Biraq ta sen shayi’r boldi’n’ da,
Wo’zin’e *awi’r* shoqmardi’ aldi’n’.
Biraq wolar bunda qarli’g’ash boli’p,
*Jen’il* pa’rwaz benen ushi’p kelmeydi.

(İ.Yusupov)

Birinshi mi’saldag’i’ «awi’r» so’zi qi’yi’n degen ma’nide, u’shinshi mi’saldag’i’ «jen’il» so’zi an’sat ma’nide qolli’ni’lg’an.

Mi’sallar:

***Ken’*** paxtali’q yeki jag’ada,
Salqi’n saya, terekler qalar.
I’shqi’m sonday ken’ jumsaq,
U’n’ilip ko’r ***tar*** tesikten aynada,
Pech ishinde nur ko’resen’ qaynag’an

(İ.Yusupov)

Bul mi’sallardag’i’ ken’, tar kelbetlik so’zleri zatlardi’n’ ko’lemine baylani’sli’ belgilerdi bildiriw ushi’n qollani’lg’an.

Qaraqalpaq tilinde antonimler ko’rkem a’debiyatta publicistikali’q ko’rkem qurallari’ si’pati’nda ken’ qollani’ladi’. Wolar, ko’binese, sapali’q ma’nige iye so’zlerdin’ arasi’nda boladi’, sonli’qtan da kelbetliklerde ko’plep ushi’rasadi’. Mi’sali’:

Du’n’ya degen *ken’* u’ydi talap,
Tarayti’wshi’ *tar* peyiller bar

(İ.Yusupov)

Bul mi’sallardag’i’ «tar», «ken’» antonim kelbetlikleri ko’lemdi bildiriwshi kelbetlikler boli’p, qarama-qarsi’ kontrastli’q ma’nide berilgen. Mi’sali’:

*Jen’il* kelsen’ wol ku’liwge asi’g’ar,
*Awi’r* kelsen’ jaqti’rmaydi’ ku’nleydi.
Da’rtli kewil biyda’rt penen woynamas,
*Taza* bag’da *go’ne* bu’lbil sayramas

(İ.Yusupov).

Birinshi mi’saldag’i’ «awi’r», «jen’il» kelbetlikleri salmaqqa baylani’sli’ belgini bildiredi, al qosi’q qatarlari’nda adam minezindegi ha’rqi’yli’ belgilerdi an’lati’w ushi’n qollani’lg’an, sonday-aq *taza – go’ne* kelbetligi de sapali’q belgilerdi bildiriw ushi’n qollani’lg’an.

5) Adamg’a, haywanlarg’a ha’m basqa zatlarg’a ta’n ha’r qi’yli’ ta’biyg’i’y belgilerdi bildiredi: *go’zzal, g’oshshaq, ko’rkem.*

Mi’sali’:

Go’rug’li’day *g’oshshaq* tili sanali’,
Qi’ri’m qoshqari’nday do’n’ peshanali’

(İ.Yusupov)

Mi’saldag’i’ g’oshshaq kelbetligi adamlarg’a ta’n ayri’qsha belgilerdi ko’rsetedi.

Wo’mirbay dawi’si’ juwan, wo’zi jin’ishke g’ana jigit eken (Sh.Seytov).

Mi’salda juwan sapali’q kelbetligi dawi’sqa baylani’sli’ wo’zgeshelikti bildirse, jin’ishke sapali’q kelbetligi adamni’n’ quri’li’si’, woni’n’ ari’qli’q belgisin bildirip qollani’lg’an.

Bunday kelbetlikler adamlarg’a, haywanlarg’a ha’m basqa da zatlarg’a ta’n ayri’qsha belgiler arqali’ basqa na’rsyelerden aji’rati’li’p ko’rsetedi. Wolar sapali’q kelbetlikler boli’p kele beredi.

6) Hawa rayi’na, sonday-aq i’ssi’-suwi’g’i’na baylani’sli’ belgilerdi bildiredi: i’ssi’, suwi’q.

Bunday kelbetlikler, tiykari’nan, ta’biyat qubi’li’slari’na, sonday-aq zatlarg’a ta’n bolg’an i’ssi’-suwi’qli’q belgilerin bildiredi.

Mi’sali’:

Solay, qa’ynim, abaylap ish awzi’n’,
*I’ssi’* su’tke qalmasi’n ku’yip.
*Salqi’n* samal bas almas jeligin,
«Su’ymeydi wol» degen jat so’z woyi’nda.
Yen’ payi’zli’ aqshamlardi’ yedi,
Hawa sonday *ashi’q*, samalda sam-saz

(İ.Yusupov)

Bul ali’ng’an mi’sallardag’i’ «salqi’n», «ashi’q» kelbetlikleri hawa-rayi’na baylani’sli’ belgilerdi bildirip tur.

7) Hal-awhaldi’ bildiredi: ash, toq.

Hal-awhaldi’ bildiriwshi kelbetlikler arqali’ adamni’n’ yamasa haywanlardi’n’ hal-jag’dayi’, jas wo’zgeshelikleri, ha’r qi’yli’ belgileri, sezimleri, turmi’s jag’daylari’ an’lati’ladi’.

Mi’sali’:

Sen qosi’qsan’ ji’rti’q u’yde tuwi’lg’an,
*Ash* xali’qti’n’ a’rmani’na juwi’rg’an

(İ.Yusupov).

Bul mi’saldag’i’ «ash» so’zi sapali’q kelbetlik boli’p, adamni’n’ hal-jag’dayi’n bildiredi.

8) Jasqa baylani’sli’ belgini bildiredi:

*Jas* montyordi’ arqadan qag’i’p,
Fermami’zdi’n’ basli’g’i’ ku’ldi

(İ.Yusupov).

Bul mi’sallardag’i’ «jas» so’zi adamlarg’a baylani’sli’ boli’p, wolardi’n’ jasi’ boyi’nsha kishilik belgisin ko’rsetedi.

9). Ha’r qi’yli’ predmetlerdin’ ko’rinisine baylani’sli’ belgilerdi bildiredi.

Mi’sali’:

Toli’baydikine to’te jol bar yedi.

Atti’ yesiktin’ aldi’na qan’tardi’ da, na’ha’n qaramfn da’rwazani’ iyterdi.

Ylken maqsetti diydilep ju’rgen bizler de geshshemiz.

İri xojali’qti’ du’ziw ushi’n kolxozlasami’z.

Woni’ su’rdew soqpaq penen u’lektey jetep ketti.

Mi’naw jag’asi’ ashi’lmag’an shati’rash ko’ylek, mi’naw shi’mshi’q ko’z woramal menen betin’di si’pi’r

(Sh.Seytov).

Shi'g'armada to'te, su'rdew - bul joldi'n' ko'rinisin bildiretug'i'n sapali'q kelbetlikler. Mi'sallarda keltirilgen «mayda, iri, na'ha'n» so'zleri wo'zleri dizbeklesip kelgen atli'q so'zlerdin', predmettin' ko'lemin bildiredi.

10) Adamni'n' minez-qulqi'n bildiredi:

Azamat qayi'n'lar gu'wam bolarsi'z,
Jigittin' jani' ***pa'k,*** tek til arsi'z.
Al sum ta'g'dir wo*'jet* shayi'rdi'n',
Alleyasi'n sozdi' uzaqqa

(İ.Yusupov).

Bul mi'saldag'i' «wo'jet» kelbetligi adamni'n' arshi'lli'q, wo'jetlik belgilerine baylani'sli' belgini bildiriw ushi'n qollani'lg'an.

11) Si'rtqi' formag'a baylani'sli' belgini bildiredi:

Bunday kelbetlikler predmettin' si'rtqi' turpati'n, formasi'n ani'qlap, sapali'q kelbetlikler boli'p kele beredi.

Mi'sali':

Basi'nda *ba'lent* tawdi'n',
Ko'l payda boldi' ko'k tu'sli.
Tek aynala *za'wlim* jaylar worap tur,
Tek qayi'qlar topi'rag'i'n borap tur.
*Biyik* emen qorg'ap meni dushpannan,
Ja'ne keldim bul soqpaqlarg'a.
Qi'yrasa da ne *u'lken* qala,
Wo'lmesligin wol birotala

(İ.Yusupov).

Bul mi'sallardag'i' «ba'lent», «za'wlim», «biyik», «u'lken» kelbetlikleri predmettin' si'rtqi' formasi'na baylani'sli' belgilerdi ko'rsetedi.

Mi'sali':

Ko'z a'ynekli *qart* iyen' bir ku'nleri,
Soni' ko'rip ketik tisin keksheytip.

İzlep ketti kerni alleyasi'n,
Samal qag'i'p *buyra* shashlari'n

(İ.Yusupov).

Al sonday-aq adamni'n' si'rtqi' formasi'na baylani'sli' belgini bildiretug'i'n sapali'q kelbetlikler topari' da ken'nen qollani'ladi'.

## 2.2. Da'reje formalari' arqali' an'lati'lg'an sapali'q kelbetlikler

Kelbetliktin' da'reje kategoriyasi' tu'rkiy til biliminde ilimiy grammatikalardan ti'sqari' usi' so'z shaqabi'n izertlewge baylani'sli' monografiyali'q miynetlerde ken'nen so'z yetiledi. Da'reje kategoriyasi' ayi'ri'm ilimiy maqalalardan baslap arnawli' tu'rdegi ilimiy-izertlewlerdin' obiekti de boli'p kelmekte. Wolarda kelbetlik da'rejeleri, klassifikaciyasi', da'reje jasawshi' affiksler, wolardi'n' ma'nileri, stil'lik wo'zgeshelikleri ha'm t.b. haqqi'ndag'i' ko'zqaraslar, pikirler ha'r qi'yli' boli'p kiyati'rg'ani' seziledi.

Qaraqalpaq til biliminde kelbetlik da'rejelerine baylani'sli' ma'selelerdin' u'yreniliwinde de ha'r qi'yli' pikirler bar. N.A.Baskakov kelbetlik da'rejelerin beske (jay, ku'sheytiw, sali'sti'ri'w, intensiv, artti'ri'w), A.Qi'di'rbaev to'rtke (sali'sti'ri'w, kemitiw, artti'ri'w, ku'sheytiw) bo'lgen. Ayi'ri'm monografiya ha'm joqari' woqi'w wori'nlari'na arnalg'an sabaqli'qlarda u'shke (jay, sali'sti'ri'w, artti'ri'w) bo'lip ko'rsyetilgen[25]. Al son'g'i' «Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinin' grammatikasi'»nda kelbetlik da'rejeleri to'rtke (jay, pa'seytiw, artti'ri'w, sali'sti'ri'w), bo'lingen.

Haqi'yqati'nda da, til faktleri qaraqalpaq tilindegi kelbetlik da'rejeleri jay da'rejeden basqa to'mendegi tu'rlerden turatug'i'nli'g'i'nan derek beredi:

---

[25] Ҳәзирги карақалпак тили. Морфология. Нөкис, 1974; Ҳәзирги карақалпак тили. Морфология. Нөкис, 1981; Ҳәзирги карақалпак әдебий тилиниң грамматикасы. Сөз жасалыў ҳәм морфология. Нөкис, 1994; *Дәўлетов А., Дәўлетов М., Қудайбергенов М.* Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тили. Нөкис, 2010.

1. Pa’seytiw da’rejesi belginin’ normal da’rejege yele toli’q jetpegenin, pa’sen’ligin bildiredi. Wol -i’raq//-irek, -rak//-rek, -law//-lew, - qi’sh//- kish, -g’i’sh//-gish, -g’i’lt//-gilt, -shi’l//-shil, -is, -ildir affiksleri arqali’ jasaladi’.

2. Artti’ri’w da’rejesi sapani’n’, belginin’ yen’ joqarg’i’ shegine jetkenin, son’g’i’ ja’ne yen’ joqarg’i’ da’rejesin belgileytug’i’n, wonnan ari’ belginin’ da’rejelenbeytug’i’n ko’rsetedi. Wol yen’ ku’sheytiwshi so’zi menen, sonday-aq shi’g’i’s seplikli ja’mlew almasi’gi’ menen jasaladi’. Bul da’rejeni joqarg’i’ da’reje dep te ataw mu’mkin.

3. Ku’sheytiw da’rejesi belgi da’rejesinin’ normal halattan ku’shli, arti’q yekenin bildiredi ha’m **ju’da’, w**og’ada, **di’m, wog’i’ri’, nayati’y** ha’m t.b. ku’sheytiwshi so’zler, intensiv formali’ ha’m ta’kirar kelbetlikler ja’ne basqa da qosi’msha qurallar arqali’ jasaladi’.

4. Sali’sti’ri’w da’rejesi zatti’n’ belgisin basqa belgige sali’sti’ri’p ko’rsetip, -i’rak//-irek, -raq//-rek, -law//-lew qosi’mtalari’, shi’g’i’s sepligin ha’m basqa da qosi’msha qurallar menen jasaladi’.

Kelbetlikke ta’n da’reje formalari’ tilde a’lwan tu’rli funkcionalli’q-stil’lik xi’zmet atqaradi’. Ko’rkem a’debiyat stilinde woni’n’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerine baylani’sli’ a’stetikali’q talaplarg’a qaray ha’r qi’yli’ stillik maqsette jiyi paydalani’ladi’. Bul arqali’ ko’rkem tekst ha’m ani’q ha’m tu’sinikli, ha’m ta’sirshen’, ha’m obrazli’ si’pat alatug’i’ni’ turg’an ga’p.

Kelbetlikler ga’p ishinde kelgende tiykari’nan zatti’n’ belgisi menen birge sol belginin’ da’rejesin de bildirip kyeledi.

Qaraqalpaq tilinde kelbetliklerdin’ da’rejeleri de yele toli’q ani’qlanbag’an. Jaqi’ng’a deyingi miynetlerde kelbetliklerdin’ tek u’sh da’rejesi (jay, sali’sti’ri’w, artti’ri’w) belgilenip kelgen bolsa, 1994-ji’li’ shi’qqan akademiyali’q grammatikada wolarg’a pa’seytiw da’rejesi qosi’lg’an[26]. Biraq, oni’n’ menen kelbetliktin’ da’rejesi toli’q ani’qlandi’ dewge bolmaydi’, sebebi da’reje formalari’ni’n’ ma’nileri ha’r qi’yli’.

---

[26] Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы (Сөз жасалыў ҳәм морфология). Нөкис, 1994, 144-бет

Kelbetlikke ta’n da’reje formalari’ tilde a’lwan tu’rli funkcional-stillik xi’zmet atqari’wg’a uqi’pli’. Sonli’qtan da wolar funkcional’li’q stillerdin’ basqa tarawlari’na qarag’anda a’sirese, ko’rkem a’debiyat stilinde woni’n’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerine baylani’sli’ estetikali’q talaplarg’a qaray ha’r qi’yli’ stil’lik maqsette jiyi paydalani’ladi’. Bul arqali’ ko’rkem tekst ha’m ani’q, ha’m tu’sinikli, ha’m ta’sirshen’, ha’m obrazli’ si’pat alatug’i’ni’ turg’an ga’p.

Kelbetliktin’ da’reje formalari’n ko’rkem shi’g’armada qollani’w da’stu’rleri de, a’lbette, xali’qti’n’ awi’z a’debiyati’nan baslanadi’. Folklordi’n’ ko’plegen janrlari’nda bul formalardi’n’ tu’rlishe stillik maqsetlerde qollani’li’wi’ arqali’ wolardi’n’ til ko’rkemligi, ta’sirliligi ha’m obrazli’li’g’i’ ushi’n xi’zmet yetip kiyati’rg’ani’ ma’lim. Wolar belgini da’rejelep ko’rsetiw, su’wretlenip ati’rg’an qaharman, waqi’yalardi’n’ ha’m t.b. ha’r qi’yli’ belgilerine subiektiv-modalliq qatnasti’ bildiriw, shi’g’arma tilinin’ ko’rkem-su’wretliligin, ta’sirshen’ligin ta’miyinlew ha’m t.b. ushi’n jumsaladi’. Mi’sali’:

Ultanxang’a qa’dirlirek bay yedi.
Tili de shu’ljin’, wo’zi de tutli’qparaq yedi. («Qi’rq qi’z»)

Sapali’q kelbetlikler grammatikali’q birlikleri jag’i’nan qatnasli’q kelbetliklerden wo’zine ta’n bolgan wo’zgeshelikleri menen ayi’ri’li’p turadi’. Wolar sali’sti’ri’w da’rejesin jasaytug’i’n -raq//-rek, -g’i’lt//-gilt, -g’i’lti’m//-giltim, -g’i’sh//-gish, -law//-lew affikslerin tikkyeley qabi’l yete beredi: *qi’zi’l – qi’zi’li’raq, ko’k – ko’girek, sari’ – sarg’i’lti’m, aq – aqshi’l ha’m t.b.*

Mi’sali’:

Berdimurat xali’qti’, xali’q Berdaqti’,
Jalg’i’zi’nday ko’rer jannan *jaqsi’raq*.

(Berdaq)

Sapali’q kelbetliklerdin’ aldi’nda intensiv formalar, yag’ni’y ku’sheytkish buwi’nlar qosi’li’p, wonnan kelbetliktin’ ku’sheytiw da’rejesi jasala beredi: *qi’p-qi’zi’l, jap-jasi’l, jup-jumalaq, tap-taza, na’m-na’ha’n.*

Mi’sali’:

*Qi’p-qi’zi’l*, qi’zi’l borlattay qi’zi’l-aw!

Qaraqalpaq tilindegi kelbetliktin’ ku’sheytkish da’rejesin jasaytug’i’n bunday intensiv ko’rsetkishler basqa tu’rkiy tillerine de ta’n bolg’an qubi’li’s boli’p esaplanadi’.

Usi’ wo’zgesheliklerine qaray sapali’q kelbetlikler kelbetliktin’ da’reje formalari’ ja’rdeminde an’lati’ladi’. Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde kelbetliktin’ da’rejelerinin’ u’sh tu’ri bar: jay da’rejesi, sali’sti’ri’w da’rejesi, artti’ri’w da’rejesi.

1) Jay da’reje.

Zatqa tiyisli belginin’ tu’rin-tu’sin si’mbati’n hesh na’rsege sali’sti’rmay yamasa ku’sheytpey jay tu’rde ko’rsetetug’i’n kelbetliktin’ tu’rine jay da’reje delinedi. Bul da’reje affikslerdin’ ja’rdemisiz kelbetlik so’zlerdin’ tu’bir yaki tiykar hali’ndag’i’ formasi’nan an’lati’ladi’. Mi’sali’:

*Qi’zi’l* ertek so’ylep turg’anday mag’an,
*Aq* boyawg’a ju’rmes ko’mirdin’ dawi’.
Sa’rwi bolsan’, bu’lbil qonajaq sag’an,
Ma’lel bermes bag’mani’mi’z *jaqsi’* adam.

(İ.Yusupov)

Bul mi’salda hesh na’rseni asi’ra su’wretlew yamasa ku’sheytiw joq, tek «qi’zi’l», «aq», «jasi’l» kelbetlik so’zleri predmettin’ belgisin bildirip tur.

A.Qi’di’rbaev qaraqalpaq tilinde kelbetliktin’ jay da’rejesi bolmaydi’ dep da’reje kategoriyasi’nan ali’p taslag’an[27].

Biraq, qaraqalpaq tilinde kelbetliktin’ jay da’rejesin wo’z aldi’na da’reje dep qarag’an duri’s boladi’, sebebi woni’n’ ma’nisi basqa da’rejelerden wo’zgeshe, sonday-aq belgini ko’rsetiw menen birge wol kelbetliktin’ basqa da’rejeleri ushi’n tiykarg’i’ baha boli’p tabi’ladi’.

2) Sali’sti’ri’w da’reje

---

[27] *Қыдырбаев А*. Қарақалпақ тил илиминиң гейпара мәселелери. Нөкис, 1988, 29-бет

Sali’sti’ri’w da’rejesi arqali’, a’dette perdmettin’ belgisin yekinshi predmettegi sonday belgi menen sali’sti’ri’li’p, sali’sti’ri’wg’a tiyisli predmettin’ belgisi, sapasi’, si’mbati’, ko’lemi tag’i’ basqa a’piwayi’ hali’ndag’i’g’a qarag’anda bir qansha arti’qli’g’i’ yamasa kemisligin ko’rsetedi.

Qaraqalpaq tilinde sali’sti’ri’w da’reje ma’nisi, sonday-aq shi’g’i’s sepliginde atli’q yamasa almasi’qti’n’ go’re tirkewishi menen dizbeklesiw arqali’ da an’lati’ladi’.

Mi’sali’:

Bizden go’re *ajarli’raq* ha’m de jas,
Yar tapsam dep jat pikirdi woyladi’n’.

(İ.Yusupov)

1) A’dette bir zat yekinshi zat penen sali’sti’rg’anda sali’sti’ri’wg’a tiyisli zatti’n’ si’ni’, si’mbati’, ko’lemi t.b. a’piwayi’ hali’ndag’i’g’a qarag’anda wo’zgesherek belgilerge iye boladi’. Kelbetliktin’ bunday do’rendi formasi’ sali’sti’rma da’reje boli’p yesaplanadi’. Bul da’reje to’mendegi affikslerdin’ ja’rdeminde sintetikali’q usi’l menen jasaladi’:

**–raq//-rek, -i’raq//-irek, -law//-lew, -g’i’lt//-gilt, -shi’l//-shil, -g’i’lti’m//-giltim, -g’i’sh//-gish**: *ko’klew, sari’law, qatti’raq, qolayli’raq, aqshi’l qi’zg’i’sh* t.b.

Mi’sali’:

Si’rtqi’ shapani’ wo’zine sa’l **kelterek** bolg’ani’ menen **ken’lew**. Saqali’ shi’qpag’an **su’mpeklew**, jag’i’na ku’ta’ qoni’mli’ (T.Qayi’pbergenov).

Bul dosli’qti’n’ ku’shi *qatti’raq*,
Qaysi’nday zat boli’wi’ mu’mkin.
İynin’ tiyse *pu’tinirek* kiyimge,
Sheship japti’n’ woni’ bo’ten kiyimge.

(İ.Yusupov)

Aspandag’i’ **aqshi’l** bultlar … usi’ shamaldi’n’ aldi’na tu’sedi (Wo’.Ayjanov).

Bul affikslerdin' ishinde kelbetliktin' sali'sti'rmali' da'rejesin payda yetiwde ko'birek -raq, -rek, -i'raq, -irek affiksleri wo'nimli qollani'ladi'.

Kelbetliktin pa'seytiw da'rejesi zatti'n' sapasi'n, ko'lemin, tu'r-tu'sin pa'seytip ko'rsetedi. -g'i'sh//-gish, -is, -g'i'lt, -shi'l//-shil, -ildir, -law//-lew qosi'mtalari' qosi'lg'an kelbetlikler pa'seytiw da'rejeli kelbetliklerge kirgizilgen[28].

Kelbetliklerine -shi'l, -lti'm, -law qosi'mtalari' qosi'li'w arqali' sali'sti'ri'w da'rejesinin' bir belgisi pa'seytiw da'rejesi jasaladi': ***aqshi'l, ko'kshil, qaralti'm, qon'i'rlaw***.

Yeger bul qosi'mtalar tek ren' bildiriwshi kelbetliklerge ta'n boli'p, ren'di pa'seytip, normadan pa's yekenin ko'rsetedi.

Mi'sali':

A'jiniyazdi'n' *aqshi'l* so'zinin' almasi' *qi'zg'i'sh*, gu'ren' tarti'p, jawdi'rag'an ko'z janari' qubi'li'p ketti (K.Sultanov).

**Qaralti'm kelbetligi** qaraqalpaq tilinin' tu'sindirme so'zliginde ya aq yemes, ya qara yemes tu'r dep berilgen[29].

Mi'sali':

Quyashqa ku'ygen betlerinin' almasi' qaralti'm qi'zi'l, murni'ni'n' ushi' sa'l iyilgen, u'pildirik murtlari' jan'a g'ana ta'p berip kiyati'r (T.Qayi'pbergenov).

**-shi'l affiksi** de pa'seytiw da'rejeni bildiriw ushi'n qollani'ladi'.

Mi'sali': Aqshi'l bul do'n'gelenip joqari' qaray wo'rlep kiyati'r (Wo'.Ayjanov).

**-Law/-lew qosi'mtali'** pa'seytiw da'rejesi ha'r qi'yli' xi'zmetler atqaradi'. Mi'sali':

Jol boyi'nda qaldi' a'wliyeshilik,
Jen'il minez, wosamaslaw bir jigit
Marhum jatqan dosti'n toyg'a shaqi'rdi',

---

[28] *Ысқақов А*. Қазирги қазақ тили. Морфология. Алматы.: 1974, 193-бет.
[29] *Қыдырбаев А*. Қарақалпақ тил билиминиң гейпара мәселелери. Нөкис, 1988.: 30-бет.

«Ju’rsen’-a’, jora !» dep woynap baqi’rdi’.

(İ.Yusupov, «Ma’n’gilik»)

Bul jerde adam qa’siyetine ta’n belgini bildiretug’i’n «yeser», «woysi’z», «tentek», «wosamas» usag’an bir sinonimlik qatarg’a kiretug’i’n birlik «wosamas» kelbetligine -law qosi’mtasi’n qosi’w arqali’ «Jen’il minez, wosamaslaw bir jigit» qosi’q qatari’ do’retilgen. Bul arqali’ woqi’wshi’da shi’g’arma qaharmani’ni’n’ xarakterine baylani’sli’ jag’i’msi’z emocional’li’q sezim payda yetip turg’anli’g’i’ ani’q seziledi.

Pa’seytiw da’reje qosi’mtalari’ arqali’ ra’n’be-ren’ stillik ma’nilerdi, qosi’msha emocional-ekspressiv boyawlardi’ bere ali’wg’a, sol arqali’ pu’tin bayanlamadag’i’ pikirdi funkcionalli’q-stillik jaqtan ku’sheytiwge yerisedi:

Ha’r kimnin’ bar a’zzi jeri wo’zinshe,
Shortani’mday an’qi’ldaqlaw xali’qpan.

(İ.Yusupov, «Qaraqalpaqti’ ko’p maqtama ko’zimshe»)

Qatnasli’q «an’qi’ldaq» kelbetligi -law qosi’mtasi’ arqali’ belginin’ ku’shsizligin, pa’s yekenin ko’rsetip kontekstte su’wretlenip ati’rg’an obiektti -xali’qti’ qosi’msha ren’kler menen si’patlap, wog’an avtordi’n’ subiektiv qatnasi’n da qosa sa’wlelendirip tur.

**-I’raq/-irek, -raq/-rek qosi’mtalari’** da shayi’r poeziyasi’ tilinde kelbetlik da’rejesi ma’nisine qosa zatlardi’ si’patlawda qollani’li’p,wo’zinin’ sinonimi -law/-lew formalari’nan stillik na’zik parqlari’ menen aji’rali’p woy-pikirge, kontekst ruwxi’na, maqsetke, qosi’qti’n’ buwi’n sani’na say paydalani’ladi’:

İynin’ tiyse pu’tinirek kiyimge
Sheship japti’n’ woni’ bo’ten iyinge. (İ.Yusupov, «Berdaqqa»)

Pa’seytiw da’rejesin jasawshi’ -g’i’sh/-gish, -qi’lt, -shi’l/-shil, ha’m t.b. qosi’mtalar da poetikali’q kontekstte wo’zinin’ semantikasi’nan ti’sqari’ portret, peyzaj jasaw, obiektlerdi ko’rkemlep semantikali’q-stillik qural xi’zmetin atqaradi’:

Ko’gis gu’li Buwrabaydi’n’ ko’lindey,

Sarg’i’sh jiyek ti’n’da pisken yegindey.

(İ.Yusupov, «Suli’w yeken Alma-Atani’n’ qi’zlari’»)

Qi’zg’i’sh birtartari’ wot qusap lawlap

Jelbirer ko’rgennin’ ko’z nuri’n awlap

(«Aktrisani’n’ i’g’bali’»)

Qi’zg’i’sh alma suwi’n ji’yi’p,

Ju’zine qoyg’an ba quyi’p?

(«Romantika»)

Bozg’i’lt ko’kte ay sa’wlesi aqi’ri’n,

Jaqti’radi’ joldi’n’ qarli’ taqi’ri’n.

(«Joldas mug’allim»)

Ko’kte quyash nur quyg’anda ku’limlep,

Birte-birte ko’kshil do’ngen say-sala.

(«Joldas mug’allim»)

Solay yetip, kelbetliktin’ pa’seytiw da’reje jasawshi’ formalari’ tu’rli stillik wo’zgesheliklerge iye. So’z sheberlerinin’ ha’r qanday so’zdi, formani’ wori’nli’ tan’lap qollanadi’ .

2) Sali’sti’ri’wg’a tiyisli zat ya qubi’li’s shi’g’i’s sepliginde turi’p wonnan keyin kelbetliktin’ ayti’li’wi’ arqali’ analitikali’q usi’l menen de sali’sti’rmali’ da’rejenin’ ma’nisi an’lati’ladi’: *wo’limnen ku’shli, a’ken’nen u’lken, qoydan juwas, tastan qatti’, ko’mirden qara* t. b.

Mi’sali’:

Qonaq **qoydan juwas** (naqi’l).

**3) Artti’ri’w da’reje.**

Qaraqalpaq tilinde artti’ri’w da’rejesi 2 tu’rli – sintetikali’q ha’m analitikali’q usi’llarda jasaladi’:

1. Sintetikali'q usi'l menen si'ndi', si'patti' ha'm t.b. belgilerdi bildiriwshi so'zlerdin' birinshi buwi'ni'ni'n' son'g'i' ha'ribi almasi'p «p» dawi'ssi'z sesi qollani'ladi': *sap-sari', qi'p-qi'zi'l, kip-kishkene ha'm t.b.*

Artti'ri'w da'reje intensiv formalar arqali' yamasa arnawli' ku'sheytkish so'zler arqali' bildiriledi. Ma'selen, ren'di bildiretug'i'n so'zlerdin' intensiv formalari' to'mendegishe jasaladi': *qap-qara.*

Mi'sali':

Jani'p ketken ag'ashti'n' wo'zegindey qap-qara boli'p kiyingi bes ja'llat kirdi de, ayaq-qoli' kisenli Yernazarg'a aynalasi'n ko'rsetpey qorshadi'. (T.Qayi'pbergenov).

Nazli'ni' aytti'ri'p, Sa'rsenbay jawshi' jibergen yeken, qara g'arg'aday qap-qara boli'p, wol jamanni'n' da adam jaqti'rmaytug'i'ni'n qa'ytersen'. (Sh.Seytov).

*Al, aq* swo'zinin' intensiv formasi' to'mendegishe jasaladi': ap +aq=appaq. *Appaq* so'zi tarti'mlani'p kelip, yerkeletiw ma'nisin de bildiredi.

Mi'sali':

Wo'shigip turg'an iranli' ayaqlari'n buri'ng'i'dan da salmaqli' ko'terip taltan'lawi' menen, ju'nles, temir tu'sli bileklerin si'bani'p, appaq tislerin ko'rsete tislenip Yernazarg'a qarsi' ju'ris yetti (T.Qayi'pbergenov).

- Yernazar, qani'm qi'zi'p turg'anda ket ari', - dedi. - Appaq duzi'mdi' iship, yesigimde kele bolg'an mi'naw na'letiy aqmaqti' ayamay shalaman (T.Qayi'pbergenov).

G'arg'a su'yer balasi'n appag'i'm dep, kirpi su'yer balasi'n jumsag'i'm der (naqi'l).

Bul mi'sallarda appaq so'zi "ju'da' taza", "aq","haq", "hadal" ma'nilerin bildirip tur.

Sonday-aq aq kelbetliginin' appaq intensiv formasi' belgini ku'sheytip ko'rsetiw menen birge ma'nilik jaqtan keneytip, emocional-ekspressivlik

boyawlardi’ da bere aladi’. Wondag’i’ bul mu’mkinshilik poeziyada ko’rkem obrazli’li’q jaratatug’i’n quralg’a aynaladi’:

Tatli’ turmi’s qaynar, a’ne tu’p demey,
Ay ju’zedi ko’kte appaq ten’gedey.
Appaq may shaynaysan’ wo’mirinshe xali’q

(İ.Yusupov)

Mi’sallardag’i’ «appaq» intensiv formali’ kelbetliklerdin’ konteksttegi ma’nileri ten’dey yemes, birinshisi de belgini ku’sheytiw menen birge awi’spali’ ma’ni, emocional-ekspressivlik boyaw, belgini ayri’qshalap, ayqi’nlap ko’rsetiw ma’nisi basi’m, yekinshisinde ku’sheytiwshi ma’ni bar.

2. Analitikali’q usi’l menen kelbetliktin’ artti’ri’w da’rejesi to’mendegishe jasaladi’:

1) kelbetlik so’zdin’ aldi’nda woni’n’ ma’nisin ku’sheytip artti’ri’wshi’ so’zler dizbeklesip kyeledi: *yen’ ulli’, ju’da’ suli’w, di’m go’zzal ha’m t.b.*

Artti’ri’w da’rejesi predmettegi belgini artti’ri’p ko’rsetedi ha’m *di’m, yen’, ju’da’, ku’ta’, wog’ada, asa* usag’an ku’sheytiw ra’wishlerinin’ jay da’rejedegi kelbetliklerdin’ aldi’nda turi’p dizbeklesiwinen jasaladi’.

Di’m, ju’da’, wog’ada, nayati’y, worasan, ku’ta’ ha’m t.b. ku’sheytiwshi so’zler menen dizbeklesken kelbetlikler qaraqalpaq tilinde tu’rli stillik ma’nilerde sheber islyetiledi.

Bul da’rejenin’ tiykarg’i’ ko’rsetkishi – yen’ ku’sheytiwshi so’zi. Bul so’z benen berilgen kelbetliktin’ artti’ri’w da’rejesi belginin’, sapani’n’ yen’ joqari’, yen’ shetki, yen’ son’g’i’ shekke jetkenin, aqi’rg’i’ da’rejesin ha’m wonnan ari’ ja’ne da’rejelenbeytug’i’ni’n bildiredi.

Yen’ so’zi arqali’ jasalg’an artti’ri’w da’rejeli kelbetlikler poeziyada su’wretlenip ati’rg’an zat, adam, waqi’ya ha’diysyelerge ta’n belgilerdi ayqi’nlap, aji’rati’p ko’rsetiw menen birge qosi’msha subiektiv, emocional-ekspressivlik boyawlarg’a da boyaydi’.

Yen' ku'sheytiwshi so'zi menen jasalg'an artti'ri'w da'rejeli kelbetliklerdin' stillik qollani'li'wi' ha'r qi'yli'.

Mi'sali':

Yen' payi'zli' aqshamlardi'n' biri yedi,
Hawa sonday ashi'q, samal da sam-saz.
(«Bul aqsham juldi'zlar sonday iri yedi»)

Adamni'n' yen' a'zzi jeri usi'nda,
Wo'z Watani'n taslap kete almas yeken.
(«Aral yelegiyalari'»)

A'jiniyazdi'n' «Bozataw»i',
Yen' bir shadli' naman' yedi
(İ.Yusupov)

Ku'sheytiw da'rejeli kelbetlikler awi'spali' ma'nilerde jumsaladi':

Turi'si' shataq,
Ju'regi de di'm tar woni'n' u'stine.
(«Aktrisani'n' i'g'bali'»)

Bul mi'salda shayi'r di'm ku'sheytiwshi so'zi menen g'ana, bir, g'oy ha'm basqa da so'zlerdi dizbeklep qollani'w arqali' ha'r qi'yli' stillik maqsetlerge - ironiya, mi'sqi'l ha'm t.b. yerisedi.

Mi'sali':

Aytsaq, «maqtadi'n'» dep ba'lki keyirsiz,
Siz bar g'oy, di'm g'ana kishipeyilsiz...
Yendi ne dep yedin'. Kebiwi so'zsiz.
Biraq siz ha'dden ti's kishipeyilsiz.
(«Yerkin wo'zek»)

Tu'rin' ubi'ji'qtay, u'kili ko'zin',
Di'm bir zi'yansi'z qussan'-aw wo'zin'.
(«Bayi'wli'g'a»)

Haw, qonaq,jambasta ko'pshik pa's g'oy di'm,

Ja’ne biyikletip birin qoyi’p al.

(«Qaraqalpaqstan ku’tedi seni»)

Geyde ku’ler menin’ u’stimnen,

So’zge saran’, geyde di’m tuyi’q.

(«Monter bala si’m tarti’p keldi»)

Avtor ku’sheytiwshi so’zdi kelbetlikke subiektiv baha beriwshi g’ana janapayi’ menen birge ironiyali’q sezim tuwdi’ri’w ushi’n qollanadi’. Bul jerde subiektiv qatnasqa qosi’msha sol so’ylewshinin’ xarakteri de ashi’p beriledi.

Yekinshi mi’salda ku’sheytiwshi swo’zge dizbeklesken bir so’zi so’ylewshinin’ subiektiv-modal’lik qatnasi’n - jag’i’msi’z emociyani’ bildiredi.

Son’g’i’ mi’salda da belgini da’rejelewde qosi’msha subiektiv modalli’q ma’ni bar.

İ.Yusupov poeziyasi’nda basqa ku’sheytiwshi so’zlerge sali’sti’rg’anda **di’m so’zi** qosi’msha emocional-ekspressivlik boyawlar menen ju’da’ wo’nimli qollani’lg’an.

İ.Yusupov ku’sheytiw da’rejeli kelbetliklerdi wo’zinshe jeke stillik maqsette paydalani’p, wog’an qosi’msha ma’nilik boyawlar beredi. Ma’selen, ori’s tilindegi ku’sheytiw ma’nili «sovsem» so’zin qollani’p, kontekstte qosi’msha emocional’-ekspressivlik ma’ni bildiredi, subiektiv-modalliq qatnasti’ sa’wlelendiredi. Shi’g’arma ruwxi’na ha’zil, yumorli’q si’pat beredi.

Mi’sali’:

Biraq, mennen shi’g’armeken kandidat?

Shayi’rli’qti’n’ joli’ «covsem» bo’lekdur.

(«Biz - mug’allim, Sabi’r, Dosjan - direktor»).

«Shi’m» ku’sheytiwshi so’zi ren’ bildiriwshi kelbetliklerden qara, qi’zi’l, aq, ko’k so’zleri menen dizbeklesip belginin’ qani’q, toyg’i’n ren’in an’lati’p, woni’ normal belgiden ku’sheytip ko’rsetedi ha’m intensiv forma menen sinonim boladi’. Sonday-aq, ku’sheytiwshi so’zler menen ju’da’ jaqi’n semantikali’q xi’zmette jumsaladi’:

Basi’n’dag’i’ qurashi’n’day,

I’g’bali’n’ shi’m qara yedi

(İ.Yusupov)

Men woni’n’ bir wo’rim yetip wo’rgen buri’mi’ni’n’ aysi’z aspanday shi’m qara ha’m uzi’n yekendligin ha’zir ko’rip kiyati’rg’andayman. (Sh.Seytov).

Shayi’r İ.Yusupov usi’ so’z benen berilgen ku’sheytiw da’reje arqali’ awi’spali’ ma’ni menen wog’ada teren’ wo’tkir emocional-ekspressivlik boyawdi’ payda yetken.

Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde aqsha bult, aqsha qar, aqsha ju’z dizbekleri ushi’rasadi’: Aq+sha=aqsha.

**Aqsha** qarda ko’p ju’rsen’,

Ko’zin’ bir ku’n qari’g’ar.

Ag’ayinnen shet ju’rsen’

Kewlin’ bir ku’n tari’g’ar

(naqi’l).

Albi’rap aqsha ju’zden qan tamadi’,

Ju’regim ash quzg’i’nday antaladi’

(İ.Yusupov).

İlimpazlardi’n’ pikirinshe, qarakalpaq tilinde **-sha//she** affiksi, tiykari’nan, pa’seytiw da’reje jasawda qollani’ladi’. Biraq, bul qosi’mta ha’zirgi qaraqalpaq tilinde da’reje formasi’n bildiriwshi qosi’mta si’pati’nda berilmegen.

A.Qi’di’rbaev **-sha//-she** affiksi zatti’n’ turqi’n bildiretug’i’n kelbetliklerge jalg’anadi’ dep ko’rsetedi: *arti’q - arti’qsha, qi’sqa – qi’sqasha*[30] .

---

30 *Қыдырбаев А.* Қарақалпақ тил билиминиң гейпара мәселелери. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988, 30-бет

# JUWMAQ

Qaraqalpaq tilinde basqa so'z shaqaplari' arasi'nda wo'zinin' belgili worni'na iye u'lken kategoriyalardi'n' biri kelbetlik predmettin' tu'r-tu'sin, ren'in tag'i' basqa belgilerin bildiredi ha'm wo'zinin' leksika-grammatikali'q wo'zgeshelikleri menen basqa da so'z shaqaplari'nan aji'rali'p turadi'. Kelbetlikler semantikali'q ta'replerinen bildiretug'i'n ma'nileri boyi'nsha ha'r qi'yli' boladi'. Qaraqalpaq tilinde yele bul ma'sele arnawli' izertlenilmegen.

Biz pitkeriw qa'nigelik jumi'si'mi'zda kelbetlik so'z shaqabi'ni'n' joqari'da ko'rsyetilgen wo'zgesheliklerin yesapqa ali'p, tildegi kelbetliktin' leksika-semantikali'q toparlari', leksika-grammatikali'q ha'm wolardi'n' qollani'li'w wo'zgesheliklerin ko'rkem shi'g'armalardi'n' mi'sallari' tiykari'nda talqi' isledik.

Tilde qollani'lg'an kelbetliklerdin' leksika-semantikali'q toparlari'n to'mendegi tu'rlerge bo'lip qarasti'rdi'q:

a) Tu'r-tu'sti, ren'di bildiretug'i'n kelbetlikler;

Qaraqalpaq tilinde tu'r-tu'sti, ren'di bildiretug'i'n kelbetlikler ko'plep ushi'rasadi'. «Aq» ren' bildiriwshi kelbetligi bir neshe ma'niste jumsalg'an.

Mi'sali':

Yeki pi'shaqti'n' ju'zinde de tolg'an ay sa'wlesi ji'lti'ldap, aqi'ri' aq paqsag'a qaraqus qong'anday boldi' (Sh.Seytov).

Aqsaqal awi'li'na to'te-to'te jollar menen aydadi' (Sh.Seytov).

Mi'saldag'i' «aqsaqal» (kelbetlik+atli'q) tu'rinde birikken so'zi jasi' u'lken adam ma'nisin beredi.

Demek, ren', tu'r-tu'sti bildiretug'i'n «aq» kelbetligi ayi'ri'm atli'qlar menen dizbeklesip, predmet ma'nisine wo'tedi. Mi'saldag'i' «qi'zi'l, aq, ko'k» so'zleri ma'nisi boyi'nsha ren'di bildiretug'i'n kelbetlik so'z bolg'ani' menen, ga'pte usi' so'zler adam ma'nisin bildiredi.

Tilde «ko'k» ren', tu'r-tu'sin bildiretug'i'n kelbetlik usi' da'slepki ma'nisinen basqa bir neshe ma'nilik xi'zmette qollani'ladi'.

Mi'sali':

A'tiraptan an'qi'g'an ko'k iyisin de itibari'nan i'si'ri'p taslap, yenteledi. (Sh.Seytov).

Mi'saldag'i' «ko'k» so'zi tiykari'nan leksika-semantikali'q ma'nisi boyi'nsha ren', tu'r-tu's belgisin bildiretug'i'n sapali'q kelbetlik. «Ko'k» ren' belgisin yemes, al usi' belgi arqali' predmetlik ma'nini wot-sho'plik, wo'simliklerdin' uli'wmali'q atamasi'n bildiredi.

b) Adamni'n', haywan ha'm predmettin' si'rtqi' ko'rinisine, ko'lemine, salmag'i'na baylani'sli' belgisin bildiretug'i'n kelbetlikler;

Tilde adamni'n' si'rtqi' ko'rinisi, dene pishimi, salmag'i'na ha'm basqa da belgilerine baylani'sli' kelbetlikler ko'plep ushi'rasadi'.

Mi'sali':

Ko'senamaylaw, jumalaq ju'zli, sari' si'nli', qayi'n' qaptal jigit yeken sekretar. (Sh.Seytov)

Mi'saldag'i' «ko'senemaylaw» qatnasli'q kelbetligi ko'se (atli'q tiykar)+namay (kelbetlik so'z jasawshi' qosi'mta)+law (sali'sti'ri'w da'reje) formalari' menen, jumalaq ju'zli, sari' si'nli', qayi'n' qaptal qospa birikken tu'rde kelip, adamni'n' uli'wma shi'rayi', si'rtqi' ko'rinisindegi belgilerdi an'latadi'.

«Ji'lti'rag'an» bul adamni'n' kwo'zine baylani'sli' qollani'lg'an qatnasli'q kelbetlik, al kishkene sapali'q kelbetligi adamni'n' si'rtqi' dene ko'rinisine, jas wo'zgesheligine baylani'sli' belgilerdi an'latadi'.

«Soydawi'l» so'zi tek er adamlardi'n' iriligine, turpati'na baylani'sli' belgilerdi bildiredi.

«Asho'len'» sapali'q kelbetligi ha'm «juqa ju'zli» qospa so'zden bolg'an kelbetlikler adamni'n' si'rtqi' ko'rinisine baylani'sli' belgini bildiretug'i'n kelbetlik ma'nisinde jumsalg'an. Son'g'i' mi'saldag'i' «jaraqli'» qatnasli'q

kelbetligi ko’rinisi boyi’nsha jaraqqa, quralg’a iye adamni’n’ basqalardan wo’zgesheligin bildirip kelgen.

Shi’g’armada kelbetlikler ha’r qi’yli’ predmetlerdin’ ko’rinisine baylani’sli’ belgilerdi de bildirip jumsaladi’.

Mi’sali’:

Du’ysenbaydikine to’te jol bar yedi. (T.Qayi’pbergenov)

Mi’salda to’te, su’rdew - bul joldi’n’ ko’rinisin bildiretug’i’n sapali’q kelbetlikler.

v) Predmettin’ da’mine, mazasi’na baylani’sli’ belgini bildiretug’i’n kelbetlikler.

Tilde predmettiin’ da’mine, mazasi’na baylani’sli’ belgilerdi to’mendegi so’zler arqali’, wo’nimsiz tu’rde qollani’ladi’.

Mi’sali’: Wol mazali’ palawdan toyi’p alg’an son’ qoli’na qayqi’ tayag’i’n uslatti’ (Sh.Seytov) .

Mi’saldag’i’ «mazali’» kelbetligi «tatli’» sapali’q kelbetligi menen sinonim boli’p tiykarg’i’ ma’nisi boyi’nsha da’m-maza belgisin bildiretug’i’n leksika-semantikali’q topardag’i’ kelbetlikler qatari’na kiredi, al kontekstte abstrakt atli’q adam jani’na baylani’sli’ belgini bildirip, leksika-semantikali’q jaqtan ta’biyg’i’y belgilerdi ani’qlaydi’.

g) Hawa-rayi’, zatti’n’ i’ssi’-suwi’q belgisin bildiretug’i’n kelbetlikler.

Tilde hawa-rayi’na baylani’sli’ belgilerdi bildiriwde to’mendegishe kelbetlikler qollani’ladi’:

Mi’sali’:

Ku’n jyelemik, suwi’q samal tula-bedenin jaylap tu’rshiktirip sala berdi. (N.Da’wqaraev)

Mi’saldag’i’ suwi’q, shi’mi’r ayaz, jyelemik hawa rayi’ni’n’ suwi’qli’q belgilerin ko’rsetse, «ji’lli’» sapali’q kelbetligi u’ydin’ ji’lli’li’q belgisin bildiretug’i’n kelbetlik si’pati’nda jumsalg’an.

Predmetlerdin’ i’ssi’, suwi’qli’g’i’ to’mendegi mi’sallar arqali’ beriletug’i’ni’ni’n ko’rdik.

Mi’sali’:

Wol da’stu’rxan jayi’p, aldi’lari’na bir-bir chaynekten i’ssi’ chay qoydi’. (G.Yesemuratova)

Mi’salda i’ssi’ sapali’q kelbetligi shaydi’n’ i’ssi’li’q belgisin bildiredi

d) Adamg’a, haywanlarg’a ha’m basqa da predmetlerge baylani’sli’ ta’biyg’i’y belgilerdi bildiretug’i’n kelbetlikler de ushi’rasadi’.

Mi’sali’:

Sawatli’ dep wog’an su’yenip is ali’p baradi’. (T.Qayi’pbergenov).

Aldi’n boljag’anda ko’zi ashi’q, dani’shpan adam deydi. (S.Bahadi’rova).

Mi’saldag’i’ sawatli’ so’zi qatnasli’q kelbetlik ma’nisinde leksika-semantikali’q wo’zgesheligi boyi’nsha adamni’n’ basqalardan go’re wo’zgeshyelenip turatug’i’n ayri’qshali’q belgilerin ko’rsetedi. Al ko’zi ashi’q, dani’shpan so’zleri sapali’q kelbetlik ma’nisinde jumsali’p, joqari’da atalg’an kelbetliktin’ ma’nilik topari’na kiredi.

Adamlardag’i’ ha’r qi’yli’ kemislik belgilerdi bildiretug’i’n so’zler de wo’zgeshelik penen qollani’ladi’.

Mi’sali’:

«Ko’zinin’ gu’li bar» dep u’ken’ qa’lemese ne qi’lasan’? (G.Yesemuratova).

«Ko’zinin’ gu’li bar» bul evfemizm tiykari’nda payda bolg’an kelbetlik si’pati’nda da qarawg’a boladi’. Bul so’z ko’zinin’ ag’i’n yet basi’p ketken, kesel yag’ni’y sol mu’shesindegi kemislikti bildiretug’i’n kelbetlik.

Haywanlardi’n’ arti’qmashli’q ha’m kemislik belgilerinin’ bildiriliwi;

Mi’sali’:

Aytaqi’rdi’ shapqi’r at tuyag’i’ sabalap, dalani’n’ joli’n qi’zdi’ri’p jibergen. (Sh.Seytov)

Bunda «ju’yrik, shapqi’r» atlardi’n’ arti’qmash belgilerin bildiredi.

Ha’r qi’yli’ hal-jag’dayg’a, uqi’p, ku’sh-quwatqa baylani’sli’ belgilerdin’ bildiriliwi;

Mi’sali’:

Wo’zi «du’n’yadag’i’ yen’ qorqaq adam» dep sanag’an Toli’baydi’n’ ku’n batar bati’stan da’rwazasi’n ta’mbileytug’i’ni’n biledi. (Sh.Seytov).

Mi’saldag’i’ qorqaq kelbetligi adamni’n’ uqi’bi’na baylani’sli’ belgilerdi bildiredi.

e) Adamni’n’ minez-quli’q belgilerin bildiretug’i’n kelbetlikler.

Adamdag’i’ jen’il minezlik, nahaqli’q, jalatayli’q ha’m tag’i’ basqa belgilerdin’ bildiriliwi;

Mi’sali’:

İzbasqan nag’i’z ju’rek jutqan jalmawi’z yedi. (Sh.Seytov).

Mi’sallarda «ju’rekjutqan» qospa so’z tu’rindegi qatnasi’q kelbetlik boli’p «nag’i’z» artti’ri’w da’rejesinin’ ko’rsetkishi menen kelip adamni’n’ «ta’jiriybeli ha’m sumli’q» belgilerin ko’rsetedi.

Mi’saldag’i’ jalmawi’z sapali’q kelbetligi semantikali’q wo’zgesheligi boyi’nsha adamni’n’ jalatayli’q belgilerin bildiretug’i’n kelbetlikler.

Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde kelbetlik so’zler basqa tu’rkiy tillerindegi si’yaqli’ wo’zinin’ leksika-semantikali’q qollani’li’w wo’zgesheligine iye. Kelbetlikler zatlardi’n’, na’rselerdin’ belgilerin bildiretug’i’n so’z shaqabi’. Usi’nday belgilerdin’ biri wolardi’n’ leksika-semantikali’q wo’zgeshelik belgileri boli’p yesaplanadi’.

Jumi’sti’n’ kirisiw bo’liminde ha’zirgi qaraqalpaq tilindegi kelbetlik so’z shaqabi’, woni’n’ izertleniw tariyxi’ so’z yetilgen. Qaraqalpaq tilindegi kelbetliklerdin’ ma’nisi boyi’nsha zatlardi’n’ ha’r qi’yli’ sapali’q belgilerin bildiredi. Ma’selen:

1) adamlardi’n’, zatlardi’n’, na’rsyelerdin’, haywanlardi’n’ belgilerine baylani’sli’ so’zlerdin’ stillik qollani’li’wi’. Mi’sali’: adamlardi’n’, zatlardi’n’,

na'rsyelerdin' si'rtqi' ko'rinisine, ko'lemine, salmag'i'na baylani'sli' belgileri: *uzi'n, qi'sqa, tompaq, tapaltas, ari'q ha'm tag'i' basqa.*

2) Zatlardi'n', na'rsyelerdin' tu'r-tu'sin, ren'in bildiretug'i'n kelbetlikler: *aq, qara, ko'k, qon'i'r, sur, shubar, shubar ala ha'm tag'i' basqa.*

3) Zatlardi'n', na'rsyelerdin' da'mine, mazasi'na baylani'sli' belgilerin bildiriwshi so'zler: ashshi', dushshi', mazali', za'ha'rdey, qanttay, kermek ha'm ha'm tag'i' basqa.

4) Zatlardi'n' i'ssi'-suwi'qli'g'i'ni'n' belgisin bildiredi: *i'ssi', suwi'q, ji'lli', salqi'n, qanji'li'm, ko'ktemir, qara muz ha'm tag'i' basqa.* Bunnan basqa ko'p g'ana zatlardi'n', na'rsyelerdin' leksika-semantikali'q toparlari'ni'n' qollani'w wo'zgesheliklerin ko'rkem shi'g'armadan mi'sallar ali'p ko'rsetildi.

Ren', tu's bildiriwshi so'zlerdin' semantikasi'n an'latatug'i'n kelbetlikler da'reje ko'rsetkishleri menen jumsaladi'.

Qaraqalpaq tilindegi kelbetlik so'zlerdin' semantikali'q toparlari'ni'n' beretug'i'n ma'nilerin, tildegi xi'zmetin ani'qlaw ushi'n biz ko'rkem shi'g'armalardan paydalani'p wolardi' pitkeriw qa'nigelik jumi'si' ushi'n talladi'q.

Haqi'yqati'nda da, tilde so'zler barli'q waqi'tta birdey boli'p qollani'la bermeydi, yag'ni'y bir so'zdin' wo'zi ha'r qi'yli' ma'nide qollani'li'wi' mu'mkin. Sol sebepli de ilimpazlar so'zlerdin' semantikasi'na ko'birek itibar beredi. Mine, usi' ma'seleler jumi'si'mi'zda sheshimin tapti'.

Sonli'qtan da qaraqalpaq tilindegi kelbetlik so'zlerdin' leksika-semantikali'q toparlari'ni'n' qollani'li'w wo'risin, grammatikali'q wo'zgesheliklerin arnawli' tu'rde ha'r ta'repleme izertlew u'lken a'hmiyetke iye.

Jumi'si'mi'zdi'n' keyingi bo'limlerinde qaraqalpaq tilindegi kelbetliklerdin' leksika-semantikali'q toparlari'ni'n' izertleniwi so'z boladi'. Bul ma'selenin' uli'wma tu'rkiy tillerde ha'm ha'zirgi qaraqalpaq tilinde izertleniwine uli'wma sholi'w jasaldi'. Kelbetlikler tu'rkiy tillerde soni'n'

ishinde ha’zirgi qaraqalpaq tilinde kelbetlik so’zler wo’zinin’ wo’zgesheliklerine iye yekenin ko’remiz. Ma’selen: qazaq tilinde «si’n esim» - dep atali’p, wol qaraqalpaq tilindegi jasali’wi’na uqsap zatlardi’n’, na’rselerdin’ tu’rin tu’sin ko’rsetedi: *aq, qara, ala, jari’q, qi’zi’l, ko’k ha’m tag’i’ basqa.*

Zatlardi’n’ fizikali’q sapasi’n bilidiredi: *aqsaq, qi’ysi’q, a’lsiz ha’m tag’i’ basqa.*

Ken’islik ha’m waqi’t belgisin bildiredi: wo’mirlik, yerten’gi, bayag’i’, teren’, ko’kshil ha’m tag’i’ basqa belgilerin ko’rsetip keledi deydi.

Qaraqalpaq tilindegi kelbetliklerdin’ seamntikali’q wo’zgesheliklerin en’ birinshi izertlegen prof. N.A.Baskakov boli’p, wol tilimizdegi kelbetliklerdin’ semantikali’q toparlari’n bir neshe tu’rge bo’lip, wog’an talqi’ jasag’an.

Jumi’sta kelbetliklerdin’ tu’rlerine uli’wma xarakteristika berildi. Usi’dan shi’g’a kelip kelbetliklerdin’ semantikali’q wo’zgeshelikleri ko’rsyetildi. Usi’ bo’limde kelbetliktin’ leksika-semantikali’q toparlari’ni’n’ qollani’w wo’zgesheligi ha’m tildegi xi’zmeti, woni’ woqi’ti’wdag’i’ usi’llar so’z yetiledi.

Kelbetlik so’zler zatlardi’n’, na’rsyelerdin’ belgisin tiykarg’i’ leksikali’q ha’m grammatikali’q ma’nileri arqali’ bildiredi. Kelbetlikler ga’p ishinde ko’binese atli’qqa baylani’sli’ boli’p kyeledi. Biz pikirimizdi ani’q yetip bayanlaw ushi’n basqa so’z shaqaplari’ menen birge kelbetliktin’ leksika-semantikali’q toparlari’n da paydalanami’z. Woni’si’z ga’pimiz mazmunli’, shi’rayli’ bolmaydi’.

Jumi’sti’n’ keyingi bo’liminde kelbetliklerdin’ leksika-semantikali’q toparlari’ni’n’ wo’zgeshelik (adamlarg’a, zatlarg’a, na’rsyelerge baylani’sli’) belgilerin ko’rsettik.

Haqi’yqati’nda da kelbetlikler zatlarg’a, na’rselerge ta’n belgi tu’sinigin ani’qlaydi’. Bunday semantikali’q toparlarg’a, tu’siniklerge to’mendegi belgilerdi ko’rsetsek boladi’:

1) Adamlardi'n', zatlardi'n', na'rsyelerdin' si'rtqi' ko'rinisine, ko'lemine, salmag'i'na baylani'sli' belgini bildiretug'i'n kelbetlikler: *qatal, jumalaq ju'zli, taypaq bas, jup-juwan, asho'len' ha'm tag'i' basqa.*

2) Zatlardi'n', na'rsyelerdin' da'mine, mazasi'na baylani'sli' belgilerdi bildiredi: *ashshi', tatli', wo'tkir, mazi'li' ha'm tag'i' basqa.*

3) Hawa-rayi', zatlardi'n' i'ssi'-suwi'qli'q belgisin bildiredi: *muzday, suwi'q, shi'mi'ri' (ayaz), jyelemik (samal). qanji'li'm, ji'li'mi'q, salqan ha'm tag'i' basqa.*

Adamg'a, haywanlarg'a ha'm basqa da zatlarg'a baylani'sli' ta'biyg'i'y belgilerdi bildiretug'i'n kelbetlikler: *sawatli', bedelli, ko'zi ashi'q. isengish, dani'shpan ha'm tag'i' basqa.*

4) Adamlardag'i' ha'r qi'yli' kemislik belgilerdi bildiredi: *tapal, soqi'r, samsam, ko'zinin' gu'li bar, pa'msiz, la'n', sheshek dag'li' buji'r, a'lip qonbag'an ha'm tag'i' basqa.*

Haywanlardi'n' arti'qmashi'li'q yaki kemislik belgilerin bildiredi: *ju'yrik, qoti'r, shapqi'r, jorg'a, soqa ha'm tag'i' basqa.*

5) Ha'r qi'yli' hal-jag'dayg'a, ku'sh-quwatqa baylani'sli' belgilerdi bildiredi: *yen' qorqaq, biyjan, qari'wli', baxi'tli', so'ylemshek ha'm tag'i' basqa.*

6) Sonday-aq shi'g'armada adamni'n' minez-quli'q belgilerin, a'dep-ikramli'li'g'i'na, kishipeyillikke baylani'sli' belgilerdi: si'nshi'l, jaysan', ju'rek jutqan, jalmawi'z, la'tte pa'm, suyi'q, simsik, jel qolti'q ha'm tag'i' basqa.

Jumi'sti'n' tiykarg'i' bo'liminde bolsa kelbetliktin' sapani' bildiriwshi tu'rleri ken'irek u'yrenildi.

Kelbetliktin' bul da'rejesi sapani'n', si'nni'n' t.b. belginin' sol zatti'n' wo'zinde arti'qmash yekenligin yaki basqa zatlarg'a qarag'anda arti'q yekenligin an'latadi'.

Qaraqalpaq tilinde artti'ri'w da'rejesi sintetikali'q ha'm analitikali'q usi'l menen jasaladi'.

Sintetikali'q usi'l menen si'ndi' si'patti' ha'm t.b. belgilerdi bildiriwshi so'zlerdin' birinshi buwi'ni'ni'n' son'g'i' ha'ribi almasi'p «p» dawi'ssi'z sesi qollani'ladi': **i'p-i'si'q, sap-sari', kip-kishkene, jap-jaqi'n, qi'p-qi'zi'l** t.b.

Analitikali'q usi'l menen kelbetliktin' artti'ri'w da'rejesi to'mendegishe jasaladi':

a) kelbetlik so'zdin' aldi'nda woni'n' ma'nisin ku'sheytip artti'ri'wshi' so'zler dizbeklesip kyeledi: yen' **ulli'**, ju'da' **suli'w**, di'm **ko'rkem** t.b.

Mi'sali':

Ni'san Na'jimovich aqi'lli' Adam da' w**og'i'ri' aqi'lli'**! (T.Qayi'pbergenov).

b) kelbetlik so'zlerdin' ta'kirarlani'p keliwi na'tiyjesinde de artti'ri'w da'rejesi payda boladi': **qi'ysi'q-qi'ysi'q** ko'she, **shi'p-shi'p** ter, **beles-beles** qi'r.

Bunday ta'kirar kelbetliktin' birinshi komponenti shi'g'i's sepliginde turi'p ta artti'ri'w da'rejesi jasaladi': **uzaqtan-uzaq, haqtan-haq, jan'adan-jan'a** t.b

Solay yetip, ha'zirgi qaraqalpaq tilindegi kelbetlik so'zlerdin' leksika-semantikali'q toparlari'ni'n' ko'rkem shi'g'armalardag'i' qollani'li'w wo'zgesheligin izertlew arqali' tilimizdegi ko'p g'ana so'zlerdin' semantikali'q ma'nilerinin' ken' ma'nide qollani'latug'i'nli'g'i'n u'yrendik. Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinde qollani'latug'i'n kelbetlik so'zlerdin' ma'nilerine oqi'wshi'lar tu'sinbewi mu'mkin, biz wolarg'a ken' tu'rde tu'sinik berdik. Mi'sali', shaybas - ku'shli adam degen ma'nide, la'ttepa'm, gewpaqal-pa'msiz, jen'iltek degen ma'nide.

Tilimizdegi bunday so'zlerdin' ma'nilerin yele de teren'irek ha'm ha'r ta'repleme u'yreniw tilshi ilimpazlar, aspirantlar ushi'n a'hmiyetli ma'sele.

## PAYDALANI'LG'AN A'DEBİYaTLAR


1. Aymurzaeva A. Qaraqalpaq tilindegi kelbetlik ha'm kelbetlik feyillerdin' substantivlesiwi. No'kis, «Bilim», 1992.

2. Aymurzaeva A. Qaraqalpaq tilindegi tu'r-tu's bilidiriwshi kelbetliklerdin' ma'nileri haqqi'nda - Qaraqalpaq til biliminin' a'hmiyetli ma'seleleri». No'kis, 1995.

3. Baskakov N.A. Karakalpakskiy yazi'k. II, fonetika i morfologiya, chast pervaya, M., 1952

4. Bekbergenov A. «Qara» so'zinin' ma'nileri haqqi'nda. - O'zRİA QB «Xabarshi'si'», №4, 1969, 54-58-betler

5. Berdimuratov E. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Leksikasologiya. No'kis, 1994.

6. Grammatika turkmenskogo yazi'ka. 1, fonetika i morfologiya. Ashxabad, 1970, 149-151-betler

Da'wletov A., Da'wletov M., Qudaybergenov M. Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tili. No'kis, 2010.

7. Jamolxonov X.A. Hozirgi o'zbek adabiy tili. Nizomiy nomidagi ToshDU, Tashkent, 2001.

8. Qaraqalpaq tilinin' tu'sindirme so'zligi, I - IV tom, No'kis, 1982-1992

9. Qa'lenderov M. Qaraqalpaq tilinin' sinonimlerinin' qi'sqasha so'zligi. No'kis, 1986

10. Qi'di'rbaev A. Qaraqalpaq til iliminin' geypara ma'seleleri. No'kis, 1988, 29-bet

11. Qi'di'rbaev A. Qaraqalpaq til iliminin' geypara ma'seleleri. No'kis, 1985.

12. Qurbaniyazov G. Hozirgi o'zbek va qoraqalpoq adabiy tillaridagi qattiq, qatti' leksemalarining qiyosiy tahlili. Nomz. diss.avtoref.. Tashkent, 1998.

13. Sadi'qova M. Hozirgi o'zbek tilida sifat. Toshkent, 1974, 49-55-bet

14. Sadi’qova M. «Qora» so’zi va uning man’olari. – Tilshunoslik masalalari. 1, 1960, 21-31-betler

15. Sravnitelno-istoricheskaya grammatika tyurkskix yazi’kov. Morfologiya. M., 1988, 148-bet

16. Seytqasi’mov D. Qaraqalpaq tilinde -li’//-li affiksi arqali’ jasalg’an kelbetliklerdin’ ma’nilik tu’rleri – Tu’rkiy til biliminin’ a’hmiyetli ma’seleleri. No’kis: 2005.

17. Paxratdinov Q., Seytnazarova İ. Qaraqalpaq tilindegi so’z jasawshi’ affiksler. No’kis., 2010, 17-25-betler

18. Ha’zirgi qaraqalpaq tili, morfologiya. No’kis, 1974.

19. Ha’zirgi qaraqalpaq tili, morfologiya. No’kis, 1981.

20. Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinin’ grammatikasi’ (so’z jasali’w ha’m morfologiya). No’kis, 1994, 141-143-betler

21.Hamdamova M. O’zbek tilida sifatning man’o turlari va ularning o’zbek izohli lug’atida berilishi. Toshkent, 1964

22. Yusupov İ. Tan’lawli’ shi’g’armalari’. 1 tom, «Qaraqalpaqstan», 1978